


ISSN 0132-9723

6.2023

# МагIарулай




Фото А. Джамалутдиновой

## РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ



# Нилъецаго гурищ хъизан гIуцIцIулеб…

Сентябралъул байбихьудаго, хъизан цIуниялъул суалги гьоркьоб лъун, ЖамгIияб палатаялда тIобитIана данделъи. Статистикиял сияхIазде раккичIониги киназдаго лъала жакъа къоялъ гьеб цIакъ кIвар бугеб суал букIин. Пачалихъалъ лъималазе гIарцудалъун гьабулеб кумекалъги гьеб суал дагьабги хIалуцинабуна: лъималазе пособиял щвезе гIоло, киналго рекерана ратIалъизе.

КIалъазе рахъараз хъизан бихьиялъе гIиллаби рачунел рукIана ва гьеб цIуниялъе малъа-хъваял кьолел рукIана. Мисалалъе, гьениб рос-лъадуда гьоркьоб маслигIат гьабулел централ рагьизе кколиланцин абуна.

Дидани гьеб гIададисеб иш бугилан ккола. Цадахъ гIумру гьабун бажаруларелльидал ратIалъулел. Гьел я лъималаз кколаро, я ракъун-къечон хутIилилан хIинкъуларо, гIадамазул хабарги гьанже гьезие тIохде балеб цIад.

Гьаб гIалхулаб капитализмалъул заманаялъ гьеб, щибго батIияб жо гуро, гIицIго бизнес буго. Гьелдаса тIуризе бакIги гьечIо. Лъалеб букIахъе капитализмалъ гIадамал цоцаздаса ратIа гьарула, гьеб гIумруялъул киналго рахъазда хъатIула, хасго хъизаналда. Нилъеда бихьулеб буго, гьанже руччаби ратIалъизе хIинкъулел гьечIо, хъизан цIунизейиланго лъугьунел гьечIо!

Рос гьечIого хутIарай чIужугIадан хехго ячIуна рекIеде. ХIалтIи буго, гIарац буго, кватIичIого рулалда нахъаги йихьула, лъималги тIурала, лъиего налъулайги гьечIо… Я ракъи гуро, я къварилъи гуро – кинабго лъикI…

Хъизан цIуниялъул суал тIубазеяли щай гурин, кинаб рахъалъан гьелде аскIоре къалелалицин лъаларо: динияб, социалияб, яхI-намусалъул яги психологиялъул рахъалъанищ? Мисалалъе динияб рахъ босани… Исламалда чанго чIужу ячин бегьулеблъун бихьизабун буго. Амма гьелъ хъизан гъункизабулеб бугебищ? Яги гьаб статистикаялда щиб гьабилеб: загсалда ратIалъизеги ратIалъун рос-лъади магьариялда рекъон цадахъ гIумру гьабулел рукIунел руго. Гьенир пачалихъиял законаздаги шаргIиял законаздаги гьоркьор ритIизарун бажаруларел дандеккунгутIиял кколел руго...

БитIараб бицани, маслигIат гьабулел централзул хIаракаталдалъун хъизанал ратIалъичIого чIелилан абураб пикруялда дун божуларо… Суал бихьиназдаги руччабаздаги жалго гьаб дунялалде щибизе рачIарал чагIияли кIочон теялъулъ гуребдай бугеб?

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:

ГЬУДУЛЛЬИЯЛЪУЛ КЬО ЛЪИЦАГО БИХХУЛАРО .......... 8



Дагъистаналъул хъвадарухъабаз Расул ХIамзатовасул юбилеялда гIахьаллъизе рачIаян ахIидал, ургъулей йикIана щибдай гьезие сайгъат гьабила абун. Гьеб мехалда ракIалде ккана ЧIегIераб ралъдал лъим босун Каспиялда жанибе тIезе, гьезулги жубайгун гьудуллъи кутаклъизе. Хадуйги ургъана: «Гьеб гьудуллъи цебегоялдаса нахъе ва щулияб буго гури. Расул ХIамзатовас нижелъе Дагъистан жиндирго асараздалъун тIунагури ва рокьиги гьудуллъиги биххулареб буго гури!» абун.

ТАКСИЧИЯСУЛ ХАБАРГИ, ХАДУЙГО ГЪОЛАРЕЙ ДУНГИ, ТIАДЕ ЩВАРАБ ЦIИЯБ СОНГИ… .......... 12



Кутакаб гьороца хъамураб гIадин, бекерун бачIана ЦIияб сон. ГIедегIугееее - йилан абураб жоги бичIчIичIо. БачIинищилан-ги гьикъичIо.
Гьебго гьуй-чIваялъ хъамун арал гIадин ана щунго рукIарал гIодоркъоялги… ВахI, щибха алъул ккарабилан хIисаб гьабигун, тIанкIан ракIалде рачIана таксичагIи. РакIцин гурхIана дир гьезда. ЗахIматаб хIалтIи букIун буго таксичагIазул.

НАТАЛЬЯ МУСАЕВА:
ТВОРЧЕСТВОЯЛЪУЛ РЕКЪОН ККЕЙ… .......... 25



– РакIалда буго «советияв» дибирас, магьари лъелалде цебе, ригьин гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство тIалаб гьабураб куц, – абун гьимана гьей. РикIкIадаб мугIрузул ракьалда ГIабдулзагьирил гIагарлъиялъ хисун руго гьелъие эбел-эменги, кьун буго рокьиги хинлъиги ва гьелда гьеб кIочонебги гьечIо.
Хадур гьел цIали лъугIизабизе Ленинградалде тIадруссана ва гIумру лъугьана аваданаб.

КИДАГО ЦЕРЕХУН! .......... 34



– Рос Мурад Эседовасулгун дир лъай-хъвай гьабуна курсалда цадахъ цIалулев вукIарав васас. Рос вуго кидаго щиб бугониги жоялда тIад хIалтIулев, цIияб лъазе ва лъаралдаса пайда босун хIалбихьиял гьарулев, иш гьечIого киданиги вукIунарев чи. Нижеца гIумру тIамулеб буго кIиялго разияб хIалалда, гIезаруна кIиго яс ва вас.

# «ГУРХIЕЛ – РАХIМУ ЧАРА ГЬЕЧIЕБЛЪУН БУГО»

Москваялъул, «Дагъистан» абураб культуралъул централда ва гьединго, жинцаго нухмалъи гьабулеб, «Дараччи» абураб фондалъул , Москваялда бугеб филиалалдаги, дагъистаниязда гьоркьоб кIудияб ва кIвар бугеб хIалтIи гьабулеб буго гьайбатай ва хIикматай чIужугIадан Мариан Каландаровалъ. Нижеца хIукму гьабуна гьелъулгун гара–чIвари гьабизе.



### ТУХУМАЛЪУЛ ТАРИХ – УЛКАЯЛЪУЛ ТАРИХ

Мариан кутакалда чIухIула, Дагъистан цебетIеялъулъ кIудияб гIахьаллъи гьабураб жиндирго тухумалдаса. Гьелъул инсулги эбелалъулги тухумалда жанир руго машгьурал, жидер гьунар ва цIар ргаIарал гIадамал.

Гьей гьаюна Каспийскаялда, «Дагдизель» заводалда 63 соналъ хIалтIарав инженер Орджаникидзе ГIалиевичасул ва советиб дармил отличница, 54 соналъ каспийскаялъул гIаммаб квана-гьекъеялъулаб цолъиялъе нухмалъи гьабурай Гьидаят ГIабдулхаликъовналъул хъизаналда.

ГIалиевазул тухум ккола ГIахъуша районалъул, машгьураб Балхар росулъа. Гьениса бихьинал жеги XIX гIасруялдаго росулъа къватIире унаан хIалтIизе, руччабийин абуни росулъ щагIил хIалтIи гьабулел рукIунаан. РукIана паласал гьарулелги. Мариянил кIодоца месед бекьун букъулаан ретIел. Гьезул тухумалъул кIиго ювелирияб мастерская Орджаникидзе шагьаралдаги букIана, хIуригат бахъизегIан цебе заманалдаго. Гьенир гьарулаан хунжрулги цогидалги т1аг1елал.

ХIуригат бергьун хадур гьел Дагъистаналде руссана. Эбелалъул рахъалъан кIудада ва кIиго гьесул вац, жидеего бокьун рагъде ана ва гьениса руссинчIо. КIудадал эмен Идрис Мамаевич революция ккезегIан цеве вукIана Юзбаши – росдал староста. ХIуригат бергьун хадув гьев тана ГIахъуша промкомбинаталъе нухмалъи гьабизе ва хадув вукIана Балхаралда, шагIил тIагIелал гьарулеб комбинаталъул нухмалъулевлъунги.

Цогидав кIудадал эмен, МухIамад ГIамирханов, хIуригат бахъилалде цебе цIалулев вукIана Кумухалъул медресеялда, машгьурал гIалимзабазда цеве. Хадув, Саид Габиевасул бихьизабиялда рекъон гьев лъугьана МахIач ДахIадаевасул отрядалде гьоркьове ва I92I соналъ лъугьана партиялде. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьизегIан гьев хIалтIана гIагараб Балхар росдал советалъул председательлъун. Рагъул соназда вукIана ГIахъуша росдал колхозалъул председательлъун. I934 соналъ гьесда тIадкъана нухал гьарулеб участок. Жиндирго проектазда рекъон гьес нухал гьаруна ГIахъуша, Лак, Лаваша ва Сергохъала районазде. Гьенив МухIамад хIалтIана 49 соналъ. I967 соналъ гьев вихьизавуна «ЗахIматалъул бахIарчи» абураб цIаралъе. Рагъул соназдаги щвана гьесие къиматал шапакъатал. БукIана гьесул Верховный Советалъул анкьго грамотаги. ВукIана Верховный Советалъул депутатлъунги.

Мариянил эмен – Орджаникидзе ГIалиевасе гьеб цIар кьун буго машгьурав революциялъул цевехъанасул хIурматалда. Доб заманалда гIемерал гIолохъабиго гIадин гьевги цIализе лъугьун вуго Каспийскаялъул ФЗУялде, гьелдаги г1ей гьабун ч1еч1ого, гьес чанго батIияб махщел щвезе т1алаб гьабула . Гьев хIалтIулеб завод букIана балъгояб, рагъулаб продукция гьабулеб магIишат.

Гъединлъидал гъесул захIматалъул биографияги гIемерисеб балъго гъабураб буго. КIиго соналъ цебе гъев ками, кIудияб къварилъилъун букIана ункъайго ясалъе.

– Эмен вукIана сабурав ва захIматалъул къимат лъалев чи. Гъесул хIурмат гъабулаан лъалелщинаца. Гъанже, гьев камидал, дун, лъималазда гъоркьой кIудияй хIисабалда, тухумалъул хIубилъунги лъугьине ккана. Гьев хваралдаса дица, гIемерисеб заман Дагъистаналда т1амула.

– Дир яцалги г1акъилал руго. Нижеца кинацаго эбелалъул тIалаб гьабула цадахъ лъугьун. Гьей гьанже хIалтIуларо, амма цадахъ хIалтIаразда кIочонги толаро.

## БАЙБИХЬИ

I968 соналъ ячIана Мариян Каландарова Каспийскаялъул №7 школалде цIализе.

– Доб заманалда школаги шагьарги рукIана миллатал гIемерал. КидагIаги букIунароан дагIба-къецги. Дир рукIана лъикIал мугIалимзаби, гIемерисел гIурусал ва жугьутIал. Бищунго рокьулел предметал рукIана ингилис мацI, гIурус мацI ва литература. I978 соналъ цIализе лъугьана ДГУялъул физическияб факультеталде. Гьебги лъугIизабун хIалтIизе йитIана, Ленинградалъул гуми гьарулеб институталъул, Каспийскаялда букIараб филиалалъул (гьанжесеб ДГПУ) механическияб факультеталде. I986 сонадаса дарсал кьуна Каспийскалъул № 3 школалда.

– Доб букIана захIматаб заман. Кинабго хиралъана, харжал щолел рукIинчIо. Ахиралда, I994 соналъ дун лъугьана бизнес гьабизе, рагьана МахIачхъалаялда тукен, къайи босизе хьвадулаан къватIие.

## ХЪИЗАН

Мариянил рос – Расул Якъубович Каландаров ккола ишалъулав чи. Буго гьесул лъикIаб лъайги, хIалбихьиги, лъала иш гьабизеги. Мариян кидаго чIухIурай йиго гьесдаса. Расулихъа бажарун буго кинабго жинцаго гIуцIизе. Щуйилазда лъугIизабун буго гьес Новосибирскаялда дармилаб институтги, хадув I5 соналъ гьенивго хIалтIунги вуго. Ахиралда ван вуго бизнесалда, гьебги гьесухъа лъикI лъугьун буго. Расул Якъубович рикIкIунев вуго Дагъистанги, гIагараб Балхарги хирияв ва гьезие бажарараб кумек гьабулев чилъун. Гьес кIудияб хIалтIи гьабулеб буго Дагъистаналъул ва улкаялъул т1олабго экономика цебетIезабиялъеги.

I996 соналдаса Каландаровазул хъизаналъ гIумру Новосибирскалда гьабулеб букIана. Мариянги росгун цадахъ, кидаго ятана гьесие кумекалъе, хIалтIана коммерциялъулаб гIуцIиялъул финансазул рахъалъ директорлъунги. Амма цIикIкIарасеб заман гьелъ лъималгун тIамула. Гьел гьезул щугоял руго – кIиго вас ва лъабго яс.

20I3 сонадаса нахъе Мариян йикIана Москваялда, гьение цIализе лъугьарай гьитIинай яс Ажагун цадахъ. Новосибирскалда лъикIаб гимназиялда ичIго классги лъугIизабун ва батIи-батIиял кружоказда лъикIаб хIалбихьиги щун, гьей яс цIализе лъугьана финансазулабгун-юридическияб академиялда цебесеб колледжалде, хадуйги цIалана РАНХИГСалда ва багIараб дипломалда лъугIизабуна гьебги.

– ХIалхьиялъе ниж кидаго цадахъ уна, амма гьеб букIуна батIи – батIияб. Росасе бокьула тIабигIат бихьизе, ралъад, пляж. Ясалъеги диеги абуни бокьула улкаби

– ракьал рихьизе, шагьаразде щвезе, музеязде, выставкабазде экскурсиял гьаризе.

Лъимал гIуна, гьел рукъалде руссана. ЦIикIкIарал кIигоял ясал Дагъистаналда руго, ункъ-ункъ лъимер гIезабулел. Гьелдаго цадахъ щибалъул буго жидерго бетIербахъиялъе ишги. Васаз, инсуцаго гIадин, лъугIизабуна Новосибирскалъул дармилаб институт ва тIадеги Томскаялъул юридическиябги. ГIумру гьабулел Новосибирскалда руго, жидерго ишалгун.

ГIемерисеб мех ясалда цадахъ Москваялда балей Мариян, гIемер щолей йикIана, гьениб бугеб «Дагъистан» абураб культурияб централде ва гьелъул росас гьеб централъе цо-цо кумекги гьабулаан. Гъединлъидал, щибго гIажаиблъи гьабизе жо гьечIо 20I8 сонадаса нахъе Мариянница «Дараччи» абураб, дагъистаналъул гурхIел-рахIмуялъулаб фондалъул Москваялда бугеб филиалалъе нухмалъи гьабулеб





букIиналдаги. Жибго гьеб фондги ккола Марьям Ильясовалъул цIаралда бугеб. «Дарачи» абураб рагIиги, тумазул мацIалда ккола «гIадратIегь». Добго соналъ Мариян йосун йикIана «Дагъистан» абураб «Москваялъул культурияб централъул» РООлъул президиумалъул членлъунги.

## ГIАДАМАЗДЕ РОКЬИГУН

Доб мехалда Мариян Каландаровалда лъалеб букIана, «Дарачи» фондалъ Дагъистаналда къогогIан соналъ кIудияб лъай кьеялъулаб хIалтIи гьабулеб букIин. Хасго кIудияб кIвар фондалъ кьолеб букIана тумазул гIадатиябги гьанжесебги культура ва литература цIуниялде. Фондалда лъун буго гьеб гIуцIарай, гьелъул тIоцеесей президент, театралияб искусствоялъул ва киноялъул рахъалъ РДялъул пачалихъалъулаб премиялъул лауреат, чанго соналъ цее нилъедаса ятIалъарай Мариям Ильясовалъул цIарги. ГьабсагIаталъ фондалъе нухмалъи гьабулеб буго «Марьямил кваранаб квер», бажари бугей нухмалъулей ва лъикIай чIужугIадан Гульшан Хасаевалъ.

– ГIажаиблъизе бачIун букIана гьеб фондалъул москваялъулаб филиалалъе нухмалъи гьабизе дида тIадкъараб мехалда. Дун ахIана МЦКялде. Гьенир ратана Москваялда бугеб «Дагъистан» абураб культураялъулаб централъул нухмалъулев Арсен Буйдалаевич ХIусейновги ва «Дарачи» фондалъул бетIер Гульшан Рамазановнаги ва гьез дун мукIурлъизаюна иш тIаде босизе.

Мариян йиго кутакалда жигарай, лъай бугей, цере лъурал масъалаби тIуразе кIвахI гьечIого хIалтIулей гIадан. Ахираб заманалда гьей тIаделъун йиго гурхIел-рахIмуялъул хIаракатчилъиялде. Гьеб ишалда йикIун Марияница Москваялда, Дагъистаналда, Новосибирскалда гIумруялде рахъинарула батIи – батIиял гуманитариял, культуриял ва социалиял проектал.

– Ишалъулай гIаданлъун йикIиналъ дие рес кьола лъикIал хIалтIаби гьариялъе квербакъизе. ГIадамазе кумек гьабулелъул нилъго нилъедасаго разилъула, – абун бицана Мариян Каландаровалъ. Гьединго гьелъ бицана «Дарачи» фондалъул Москваялда бугеб централъ гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъги.

– МЦКялде гьоркьоре уна Дагъистаналъул патриотал, батIи-батIиял миллатазул вакилзаби, ай Москваялда ругел дагъистаниязул ургъел жидеца гьабулелщинал гIадамал. Руго медицинаялъул хIалтIухъабиги. Гьел хьвадула Москваялда ва гьелда сверухъ шагьаразда госпиталазда сах гьарулел лъукъа-къотIарал ракьцоязухъе, гьабула гьезие жидехъа бажарараб кумек.

Гьединго централъул хIаракаталдалъун ва гIахьаллъиялдалъун хIадур гьарула ва тIоритIула дагъистаниязе кIвар бугелщинал байрамалги, къоялги. Исана нижеца гIемерал тадбирал гьаруна Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда. Гьедин 8 абилеб сентябралъ нижеца гьесул памятникалда тIугьдул лъуна. I4 – I7 сентябралда РФялъул президентасда цебе бугеб Дагъистаналъул вакиллъиялъ тIобитIана «Дир Дагъистан, Нижер Расул» абураб гIатIидаб фестиваль. I5 сентябралъ тIобитIана тумазул диктант. 22 абилеб октябралъ букIана Халкъазда гьоркьосеб, «ХъахIал къункъраби» абураб литературиябгун-музыкалияб фестиваль.

БачIунеб соналъул апрелалда букIине буго Москваялда «Дагъистан» абураб культураялъул Центр гIуцIаралдаса 35 сонилаб юбилей. Гьеб заманалде къватIибе бачIине буго машгьурал москвичал – дагъистаниязул хIакъалъулъ тIехь.

***Мариям Каландарова – ккола унго-унгояй дагъистаний. Гьелъ цIунун руго магIарулалъул киналго лъикIал гIамалал ва лъазабун буго гьанже заманалъул ишалъулал рахъал церетIезариги. Мариян гIемерисезе мисаллъун йикIине бегьула лъикIай эбел, лъади ва ишалъулай хIаракатчIужу хIисабалда. Гьей кидаго кумекалъе ятула жиндирго гIагарлъиялъеги, цогидалги жиндир кумекалде ккаразеги.***

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



# Дир Дагъистан

Льабабилев вас вукIана дун. Дида цIар лъун цIилъизавизе дир инсул гIагарлъиялъул ва гъудуллъиялъул доб мехалъ камурав чи вукIун гьечIо. Гьелъ инсуца росулъ чIахIиял чагIи ахIун руго гьеб иш тIубазе. ГIодор чIун руго гIадамал, къвалакь квер чIварал чIагIдал хъубиги хъатикь ккун. ЧIагIдал хъаба букIун гьечIо бищун кIудияв херав чиясухъ. Гьесухъе, цояб рокъосаги ячIун, эбелалъ анкь барав дун кьун вуго кодов кквезе.

– Чанги чагур кодоб ккун яги жергъен кIутIун бакънал рачарав херав, лъимер кодоб ккураб мехалъ кинаб кечI ахIилеб дуца?

– КечI васасе эбелалъ ахIила, ясаз ахIила, хIанчIаца ахIила, хвалчабаз ахIила, бахIаралъ ахIила, гулбуз, гIораз ахIила.

– Бице эбелалдаги улкаялдаги васасул цIар.

Дунги кодове ворхун, тIадеги къулун кIудияв чияс абун буго: ясалда цIар я цIвабзазда, я тIугьдузда гьикъун кьолила, бихьинчиясе цIар я хвалчабазда, я тIахьазда цIехон кьезе ккolила. Дица гIемерал цIарал цIалана тIахьазда. Дир тIехьалъги хвалченалъги дида малъана Расулин абураб цIар лъейин.

Гьес цояб гIинде къулун, Расулилан щурун буго диде, кIиабилеб гIинде къулун: «Ва Расул!», – абун ахIун буго. Ва лъабабилеб нухалъ гьале Расулилан абун гIодулев дун, гIинги зинкIкIун, эбелалъухъе нахъе кьун вуго. Цинги гIодор рукIараз, дир цIарги тасдикъ гьабун, воре щварабилан абун, гIупги рехун, кIал бацIцIун буго...

...Щибаб цIар ботIрода лъолеб тIагъур буго. Гьедин лъуна дир бетIералда магIарул тIагъур. ЦIакъ бакIаб тIагъур батана гьеб. Щайгурелъул гьелда жаниб дунял бихьарав магIарулас магIнаги мурадги лъун букIун буго. «Расул» гIараб мацIалъ «вакил» абураб рагIи буго. Лъил, сундул вакил дун?..

Дир хIисабалда, щибав чи дунялалде вачIун вуго жиндирго ракьги, халкъги, гIадатги, миллатги, мацIги, хасиятги тасдикъ гьабулев документлъун, вакиллъун вукIине. Гьелъиейин гьесие цIар кьолеб, гьеда тIагъур лъолеб, ярагъ борчунеб, жеги кинидахъго кечI малълъулеб.

Блокноталдаса. Цо соналъул сентябралъ дица Бельгиялда дунялалъул поэтазул дандчIваялда гIахьаллъи гьабуна. Гьенир рукIана анцI-анцI улкабазул, миллатазул вакилзаби. Киназго жиде-жидер поэзиялъул, халкъазул бицана. Гьезда цадахъ гьенир рукIана хIикматал вакилзаби: Лондоналдаса венгрияв, Франциялдаса эстонияв, Америкаялдаса поляк. Щиб гьелда гьабилеб? Къисматалъ гьенире реххун ратила. Дун цо хъвадарухъанасул кIалъаялъ хIикмат гьавуна. Гьес абуна: «Гьанир батIи-батIияб миллаталъул батIи-батIиял улкабазул господаби кIалъана. Дун цониги миллаталъул вакил гуро. Дун киналго миллатазул, кинабго дунялалъул вакил вуго. Дун – поэзия. Дун – кибго гвангъараб бакъ, кибго балеб цIад, кибго тIегьалеб гьветI».

Данделъиялда гьесие хъат чIвана, дица чIвачIо.



Дица дунго, дунялалъул рокъов киве щваниги, чу кьолораб азбаралъул – инсул минаялъул, гӀагараб росдал, магӀаруллъиялъул, Дагъистаналъул хасав корреспондентлъун, кидагосев вакиллъун рикӀкӀуна. Инсул росулъе, гӀагараб Дагъистаналде дун вуссуна дунялалъул хасав корреспондент гӀадин.

*Дихъан бажаричӀо дуниялалъе*
*Дирго рахъалъ бицун, мугӀрузул бицун, –*
*Дица гьел хулжазда жанир раччана,*
*Бичун бажаричӀо гьел хулжазул кӀал.*
*Дихъан бажаричӀо Дагъистаналъе*
*Дунялалъул бицун, халкъазул бицун, -*
*ЦӀакъго тӀуцал гъуждул рукӀун руго дир,*
*БакӀаб гъамас кинго кӀвечӀо баччизе.*

Дида годекӀабахъ, тӀохазда, магъилъ магӀарулаз, гӀагарал чагӀаз гьикъула:

*Нилъер чиго дандчӀвачӀищ дова?*
*Нилъерго гӀадаб бакӀищ бугеб?*
*Нилъер бакӀалде ракӀ лъоларoанищ доба?*
*Нилъ лъалищ дозда?*

Нилъ! Нилъ щал?– ЦӀигьул, магӀарулал, дагъистаниял. Жеги лъикӀаб куцалъ нилъедаго лъаларел нилъ дозда кин лъалел? Нилъ цо миллион чи, цо дангъур цӀураб халкъ, кӀикъого батӀияб мацӀ. Бице дозиеги нилъееги нилъерго хӀакъалъулъ: росдал, гӀадамазул, мугӀрузул, кьурабазул, чвахиязул. Буссинабе инсанасул мацӀалде азарилал соназ нилъер хунжруз бицараб, хвалчабаз цӀалараб... Рихьизаре нилъер хурдул, тӀугьдул, нохъол. Бице, дуца бицинчӀони гьеб дуе гӀоло Пушкиница бицине гьечӀо. Хъвай дур пикраби кагътида, хъвачӀого нахъе лъун тарал пикраби нахъа кир лъуралали лъачӀого рилун ратула. Ялъуни дуцаго хъвачӀого чияхъе кьурал пикраби, лъималазухъе кьураб тӀагӀел гӀадин, тӀагӀун ратула. Дурго чол хӀал дудаго гӀадин лъаларо. Бице дуца, хъвай дуца...

Гьедин абуна дида дица нахъа тарал соназги, нухазги, хиялазги, бихьаралъги, рагӀаралъги.

* * *

... Росулъа районцентралде – Хунзахъе унев мехалъ, инсул букӀана цогиязда лъалареб жиндирго хасаб сухъмахъ. ГьанжельагӀанги гьелда ХӀамзатил нухилан абула. Гьеб нухдасан хьвадулаго, инсуца ретӀунаан гӀажаибал тӀогьол квацӀаби. Хасало бараб гӀаздал гьес гьарулаан гӀадамазулги чуязулги суратал.

Гьел тӀогьол квацӀаби церего речӀана, гьел гӀаздал суратал церего риана, амма гьенисан унаго ургъарал кочӀол рагӀабазул махӀ магӀарулаз гьанжеги сунтӀулеб буго. Гьенир инсул пикрабаз гьарурал сураталги сипаталги Дагъистаналда рихьулел руго. Дунги росулъан унаго инсул сухъмахъалдасан хьвадулев вукӀана. Амма росуцояз абуна инсул нух инсуе тейин, дуца дурго нух балагьеян.

Дун дирго сухъмахъ балагьизе лъугьана. Халатаб, гьетӀ-гьетӀераб букӀана гьеб дир асаразул сухъмахъ.

Амма букIаниги дица гьениб бищана дирго тIогьол квацIи. Дица гьениб ургъана тIоцебе гьаб тIехьги.

* * *

Ургъана. Гьанже гьаб дир къалмикь буго. Щиб цIардай дица лъелеб гьаб дир лъимада? Кинаб тIагъурдай тIад лъелеб дица тIехьалда? ТIугьдуздайищ цIехелеб, цIвабзаздайищ гьикъилеб гьалда лъолеб цIар? Хвалчабазул тIагъаздайищ, тIахьазул гьурмаздайищ балагьилеб гьеб?

Гуро, дица дир чода чияр кьили лъеларо. Дирго бетIералда дунго бетIергьанаб тIагъур лъураб мехалъ гIадаб хIалхьи букIунаро. Чияхъа босун лъураб цIар цIар гуро, тIокIцIар буго.

ЦIар лъезе ккани цин лъазе ккола гьелда жаниб лъолеб магIна, мурад. БетIер цIехечIого тIагъур босуларо, пандур бихьичIого чIваби раларо.

Щибха дир пандур? Гьеб буго дир росу, магIаруллъи. Дагъистан

– дир пикрабазул босен, дир асаразул руссен, дир гъансито, дир кини. Киса дун? Дагъистаналдаса.

Щайха гьадин гIемер ургъун? Инсул цIар лъимада лъолеб гIадин,

«Дагъистан» абун лъолареб щай гьаб тIехьалда цIар? ТIокIаб хирияб, тIокIаб рекъараб, тIокIаб хIакъикъияб цIар кинаб букIинеб?!

КъватIисел пачалихъазда нилъер вакил рекIараб машинаялда улкаялъул гьитIинаб байрахъ бан букIуна. Дир тIехь – дир улка буго. Улкаялъул цIар – гьелъул байрахъ буго. Кинаб байрахъ дица гьалда балеб?

* * *

Хъвадарулев чиясул пикраби щибаб тIанчида щибаб мухъалъе гIоло, щибаб магIнаялъе гIоло, щибаб рагIиялъе гIоло цоцалъ къацандула. Дир пикрабиги рачIинахъего, Женевалда гьоркьор лъолел суалазе гIоло цоцалъ къацандулел министрал гIадин руго тIехьалда лъолеб цIар сабаблъун.

ТIоцевесев министрас хIукму гьабуна тIехьалда цIар «Дагъистан» абун лъезе. КIиабилев министрасе гьеб рекIее гIечIо. Гьес гIундулги рикIулаго, бетIер хьвагIула:

– Бегьиларо. Улкаялъул цIар тIехьалда кин лъолеб? Инсул тIагъур лъураб лъимер гIадин букIина гьеб.

–Щай бегьулареб? Къаси мехалъ хъахIилаб зодихъан лъедолеб хъахIаб моцIрол сурат ралъдада ялъуни лъарада лъедолеб бихьарав дуца гьелдаги моцIан гуреб батIияб цIар абуларогури. Цараца бацIида «гъоле тIатIул чедилан» бихьизабулеб гIадин, дуца



гьеб лъидаго бихьизабуларогури. МатIуялъуве валагьарав чиясул сурат балагьарасул гурони дуе батIиясул букIунарогури. Магнитофоналда хъвараб гьаракь гьаркьил бетIергьанасул гуреб батIиясул букIунарогури. «Дагъистан» бихьизабе гьеб дурго гьинал рекIел телевизоралъ. Дуца гьеб гIемерал соназ, гIемерал сухъмахъаз гъуждузда баччана, биче гьанже хунжазул кIал.

– КIоларо, бегьуларо, – ян абуна нахъеги кIиабилев министрас.

– Щиб жо Дагъистан, мугIрул, гIорал, иццал, ралъад? Халатал гIасрабазул тарих...

Дир ракI географиялъул карта гуро, ялъуни дун Дагъистаналъул карта бахъулев гьечIо. Дагъистан дие географиялъул гIорхъабаздаса гIатIидаб буго. Дица гьеб пикрабаз киназго дунялалда балагьана.

Дагъистан! Дица гьелъул, историкас гIадин, гIасруялда хадуб гIасру гьабун иргадулаб низамалда гуро бицунеб. Дир тIехь учебник гуро. Дица вакал рек-рекула, цоцалъ журазарун жул гьабула.

***Дагъистан! Гьеб киналго дагъистаниязе гIаммаб цо буго. Амма жив-живасул буго жиндирго хасаб Дагъистан. Дирги буго дирго Дагъистан. Дида рагIараб, дида лъараб, дида бичIчIараб, дида бихьараб, дица ургъараб, дица ахIараб, ахIулеб, дир гуреб лъилго гьечIеб, дун вохараб, дун пашманаб Дагъистан. Дида гIадин рогьалил макьилъ бихьичIеб, рикIкIадал сапаразда цебе тIамичIеб дир Дагъистан.***

**Расул ХIАМЗАТОВ**



# ГЬУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ КЬО ЛЪИЦАГО БИХХУЛАРО

**Крым ва Дагъистан – кIиябго ккола миллатал гIемерал республикаби. Гьединлъидал гьезул масъалабиги гIемериселъ релълъарал рукIуна, хасго миллатазда гьоркьоб гьудуллъи цIуниялъул рахъалъ. Гьеб ишалъулъ кIудияб бакI ккола хъвадарухъабаз.**

**2014 соналъ, Россиялде жанибе бачIиндалго Крымалда гIуцIана хъвадарухъабазул Союз ва гьелъул председательлъун вищана Валерий Басыров. БачIинахъего гьес Россиялъул ва гьединго регионазда ругел хъвадарухъабазул Союзазулгун бухьен гьабуна.**

ТIоцере гьезие кумекалъе ратаразда гьоркьор рукIана Дагъистаналъул хъвадарухъаби ва цадахъаб хIалтIи гьалдезе лъугьана. Гьениб кумекалъе батун букIине ккола дагъистаниязул ракIрагьиги, гьалмагълъи бокьиги. Нижеца гIемерал гьаруна хъвадарухъабазе телемосталги. Дагъистаниязул асарал гIемерал рахъана «Крым», «Доля» ва «Долька» журналазда. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул членал гIахьаллъана, 2015 соналъ букIараб, «Интеллигенциялъул сезон» абураб, литературиябгун–музыкалияб фестивалалда, рахъана гьелъул лауреаталлъунги, рукIана жюриялъул членаллъунги, гьадинго гьалбаллъунги. Нижер «Таврида» абураб, художествениял асарал руссинариялъул централда, гIурус мацIалда къватIибе биччазе чанго дагъистаналъул авторазул тIехьги хIадур гьабун буго. Гьединал тадбиразги кумек гьабула республикабазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе.

Жакъа Дагъистаналда ниж къабул гьаруна «ХъахIал къункърабазул кьоял» абураб, Халкъазда гьоркьосеб фестивалалда гIахьаллъизе. Гьеб ккола Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялда хурхараб тадбир. Гьал соназда жанир ниж гIезегIанго гIагарлъана. Цо нухалда дие рагIи кьолаго, мунагьал чураяв, МухIамад АхIмадовас махсаро гьабуна гьадин: «РагIи кьолеб буго крымалдаса дагъистанияй Ольга Прилуцкаялъе!» абун.

Гьесул хвел дие кутакалда захIмалъана. Щайгурелъул нижее, Крымалъул хъвадарухъабазе дов вукIана лъикIав гьалмагълъун. БатIайисан букIинеги кколароан. Киналго нилъ руго, гьудуллъи хирияв, Расул ХIамзатовасул творчествоялъ куцан гIурал гIадамал. Гьесул ракълиде ва гьудуллъиялде ахIарал кучIдузул тарбия щведалха нилъее.

Гьединаб гьудуллъи букIиналъ 2014 соналъ бищунго цебе бачIана Дагъистаналдаса Крымалде анцI–анцI машинаби цIураб къайи–къоно ва нигIматал. ГIемераб заман балеб букIана доб мехалда машинабаз паромалда иргаялда чIун. Гьанже гьеб нух чанго сагIаталда жаниб тезе рес буго, Крым жанибе бачарабго Россиялъ лъураб Крымалъул кьодаса. Гьединабго щулияб буго Дагъистаналъулги Крымалъулги хъвадарухъабазда гьоркьосеб гьудуллъиялъулаб кьоги.

Дагъистаналъул хъвадарухъабаз Расул ХIамзатовасул юбилеялда гIахьаллъизе рачIаян ахIидал, ургъулей йикIана щибдай гьезие сайгъат гьабила абун. Гьеб мехалда ракIалде ккана ЧIегIераб ралъдал лъим босун Каспиялда жанибе тIезе, гьезулги жубайгун гьудуллъи кутаклъизе. Хадуйги ургъана: «Гьеб гьудуллъи цебегоялдаса нахъе ва щулияб буго гури. Расул ХIамзатовас нижелъе Дагъистан жиндирго асараздалъун тIунагури ва рокьиги гьудуллъиги бихьулареб буго гури!» абун.

Хасго гьеб гьудуллъи рагIулеб буго жакъа, нилъеде гIаммаб къварилъи бачIиндал. Нилъ руго цадахъ рагъулел, гIагараб ВатIан цIунулел! БатIайиса букIинеги бегъуларо!

*Гьерсазул, мацIазул конкурс гьабуни,*
*Король мун букIина, къоабилеб век.*
*Къоло цоабилеб векалъ абула, –*
*Балагьилин нужехъ, дунги бачIанин.*
*БахIарчилъиялъул конкурс гьабуни,*
*Король мун букIина, къоабилеб век.*
*Къоло цоабилеб век буцIцIун чIола,*
*БакIал кIулал руго гьелъул кIалтIа ран.*

Дун Хунзахъ тIобитIараб юбилеялъулаб концерталда йикIана. ЦIакъ рекIее асар гьабулеб къурди бихьизабуна гьениб! Улбул гIодулел руго камурал васазда хадур, абуралги лъудбиги гIодулел руго






рагъдаса руссинчIел абуразухъ ва россабахъ. Дунги гIодулей йикIана гьездаго цадахъ…

ГIемераб хIаракат бахъулеб буго нилъеда гьоркьосеб гьудуллъиялъулаб кьо биххизе. Тушбабаз чанцIулго хIалбихьана Крымалъул кьо биххизеги. Гьезие бокьун буго Крым цIидасанго жидераблъун гьабизе…

Амма гьеб гьезухъа бажариларо. Щвеларо тушбаби мурадалде. Гьенир дагъистаналъул васалги гIурусазул солдатазул хьолбохъ руго, гIагараб ВатIан цIунун, ниж гьездаса чIухIула ва гьезда божула. Гьел киналго мустахIикъаллъун рукIина умумузул бахIарчилъиялъе!

***Дунги нужгун цадахъ гIодулей йиго, Дагъистаналъул руччаби, щивав камурав солдатасда хадуй. Нилъ цадахъ руго, цадахъ рукIина. Нилъер гьудуллъиялъул кьо лъицагIаги биххиларо. Къуват кьеги нилъер бихьиназе, ВатIаналъул бахIарзазе!***

**Ольга ПРИЛУЦКАЯ,**
**хъвадарухъан, тилмач,**
**«Крым Республикаялъул хъвадарухъабазул Союз»**
**ООялъул председателасул заместитель**



Каиралда Р. ХIамазатовасул бюст

# РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСУЛ ШИГIРАБАЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ГIАРАБАЗУЛ ПИКРУ

ГIараб ракьалда Расул ХIамазатовасул творчествоялде кIудияб кIвар кьола. Гьев нилъедаса ватIалъун сонал аниги, гIарабазул газет-журналазда гIемер рорхула Расул ХIамазатовасул творчествоялда хурхарал темаби: Расулил поэзиягун прозаялда диниял, рокьул, ракълил ва гIадамазе лъикIлъи гьабиялъул суалал. Гьесул ВатIаналде рокьи, гIадамазде рокьи, инсаниялъул къисматалде жавабчилъи… гьел руго Расулие хасиятал рахъал. Расулил творчествоялъ гьезул ракIазе асар гьабулеб букIин, гIарабазе гьеб гIагараб букIин, гьелъ Дагъистаналде рокьи бижизабулеб букIин ва дунялалда лъугьа-бахъунеб бичIчIизе кумек гьабулеб букIин бицунеб буго жидерго макъалабазда гIарабазул хъвадарухъабаз.

ГIараб хIукуматазда, ай Египеталда, Ливаналда, Сириялда, ГIиракъалда, Суданалда, ГIарабазул Эмиратазда, СагIудиялда, Тунисалда, Алжиралда рахъулел руго Расул ХIамзатовасул гIурмрудул ва творчествоялъул хIакъалъулъ хъварал кьучIал макъалаби. ГIарабазул хъвадарухъабаз хъвалеб буго гIажаибго жидер рекIее гIагарав ва вичIчIизе бигьаяв шагIир вугила Расул ХIамзатовилан.

ГIарабазул цIалдолезухъе тIоцебе Расул ХIамзатовасул щвараб асар буго «Дир Дагъистан». ГIарабаз гьелда («ал-китаб ал-халид») «Хвел гьечIеб тIехь», - илан цIар лъун буго. Гьеб басмаялда бахъана I979, I982, 20I4, 20I6 соназ Ливаналда ва I984, 20I5 соназ Сириялда.

ГIарабазда гьоркьов Расул ХIамзатов цIакъго машгьурлъана Шагьид АхIмад Насрил ва Ибрагьим Истамбулил таржамабаздаса хадув. Гьез чанго тIехь бахъана Расул ХIамзатовасул гIараб мацIалде руссинарурал кучIдузул.

ГIарабал хIайран гьарула Расул ХIамзатовасул жиндирго ВатIаналде бугеб рагIа-ракьан гьечIеб рокьиялъ. Гьаниб ракIалде щолел руго Чингиз Айтматовасул рагIаби: Дагъистаналде мугъчIвайги гьабун, Дагъистаналъул

къадруги, халкъалъул къиматги борхизабулаго, гIурус ва дунялалъулго адабияталъул хIалбихьиги хIисабалде босун, гьанжесеб гIасруялъул масъалабазде дандеги ккезабун, Расул ХIамзатовас бахъулеб буго гIатIидаб халкъияб поэзиялъул нух. Гьелъ гьев дунялалдаго машгьуравги вуго».

Хъвадарухъан, таржамачIужу, Каиралда бугеб «Ай аш-шамс» университеталъул профессор, лингвистикаялъул факультеталъул декан, гIурус мацIалда тIад хIалтIулей специалист, Пушкинил премиялъул лауреат, Шолоховасул медаль щварай Макарим ал-Гамрил «Расул ХIамзатов – Дагъистаналъул классикияб бакъан» абураб макъала бахъана Кувейталъул «ал-Араби» журналалда.

Гьелъ хъвалеб буго: «Расул ХIамзатов гьавуна Кавказалъул мугIрузда, гьединлъидал гьесул дагъистаналъул мугIрузда хъварал кучIдулги ВатIаналъул эркенлъиялъул ва чIухIиялъул гIаламатлъун руго. Гьелъ хъвалеб буго гьев гIунила, жиндирго инсул, Дагъистаналъул халкъияв шагIир ЦIадаса ХIамзатил кучIдуз тарбияги кьун. Гьединлъидал гьесул кучIдулги халкъияб кIалзул гьунаралда ва бакъбаккул рахъалъул поэзиялъул гIадатазда хурхараб бугилан. Гьелъ Расулие бакI батулеб буго Бакъбаккул ва БакътIерхьул литератураялда бакьулъ. Гьале цо гьитIинаб гьелъул макъалаялъул кесек. «Расулил поэзиялъе хасиятаб, ирсалъе щвараб Бакъбаккулабги жинцаго лъазабураб Европаялъулабги жубараб поэзия, циндаго лъугьараб гуро. Гьеб буго ургъун, тIад хIалтIун лъугьараб хIасил ва гьениб гьес цояб цоялдалъун ращалъизарулел руго. Кьалбаздаса тIураб жо чIараб-хьараб букIунарелъул, Расулил пикруялда рекъон, жидерго умумуздаса тIунани, чияр батIияб кванде буссани, гIамал-хасиятги хисун, мацIги билун, адабият хола. Басриябги тIагIине биччачIого цIиябги рекъезабун гьеб бачине бигьаяб иш гуро. Фольклоралде Расулил бугеб бербалагьиялъ бицуна цебеселде гьесул бугеб хурхен. Халкъияб ирс – гьеб буго кидаго холареб, чIагояб ицц, жиндилъ халкъалъул образ бугеб, заманаялъ хIалбихьараб ва халкъалъул рекIелъ хутIараб. Расул ХIамзатовасе адабияталде гъира-шавкъ кьолеб буго халкъиял биценаз, харбаз. Гьезулъ бихьулеб буго гьесда халкъалъул къвакIи ва ритIухълъиялъе гIоло къеркьезе бугеб гъира, гьениб буго, бахIарчилъиялдаги яхI-намусалдаги тIад баччараб, халкъалъул адаб-хасияталъул къагIидаби».

Расул ХIамзатовасул творчествоялъул хIакъалъулъ гIемерал отзывал рихьизе бегьула гIарабазул блогаздаги. РекIелъ ВатIаналъул тема цIакъго багъулей, Сириялдаса Араках Мушаввихица хъвалеб буго «Кутакалда унтун букIуна дир ракI къватIие гъурай - илан абураб мугъру дидасаго бацIцIун бажарунгутIиялъ. Дир анищ букIана дир ВатIан букIине. Дир рекIелъ рессун руго ВатIаналъул махIал. Дие ВатIан бокьула квешаб букIаниги лъикIаб букIаниги. ВатIаналдаса ун къогогIан сон ана. Амма Расул ХIамзатовасул «Дир Дагъистан» цIалидал, дица диего суал кьуна: «КигIан лъикI дида лъазе кколеб дирго рахьдал мацI, Расулица «Дир Дагъистан» хъвараб гIадин, дирго ВатIаналъул хIакъалъулъ тIехь хъвазе? КигIан кIудияб рокьи дие къваригIинеб ВатIаналда гъорлъ, Расул гIадин, дунго ессизе! Расул ХIамзатов лъала ва цIалула дунялалъул киналго мацIазда. Дагъистан – кучIдузулги хвалчабазулги улка, лъелги цIадулги улка, мугIрузулги гIоразулги улка. Миллион сон гIумру дие батаниги, Расулица гIадин ВатIаналъул хIакъалъулъ хъван бажарулев чи ватизе вукIинчIо дида».

Хъвадарухъанасул бечедаб гIумрудул хIалбихьиялъ малъарал ва махщалида хъварал асараз гIадамазул рекIелъ жаваб батулеб буго.

Маскаталдаса Марьям ал-Маскарица хъвалеб буго: «Расул ХIамзатовас нилъее бицунеб буго жиндирго ВатIаналде бугеб кIудияб рокьул, жиндирго рахьдал мацIалдаса, гIагараб ракьалдаса, ирсалдаса чIухIиялъул. Гьес нилъеда рицунел руго рокьул биценал, кьалул харбал, гьесул умумуз хъварал бахIарчиял къисаби. Гьеб роман гуро, гьеб буго ВатIан бокьиялъул энциклопедия. Расул ХIамзатовас гIадин жиндирго ВатIаналде бугеб рокьул хIакъалъулъ хъвараб асар дица киданиги цIалун букIинчIо. Дица диего суал кьуна, хъвалищ дица киданиги дирго ВатIан Оманалъул хIакъалъулъ Расулица гIадин? Хъвазе гьечIо».

ГIарабалдаса буссинабуни, Расул вуго вакил. Расул унгоги вакил вуго, гьев вуго дагъистаналъулго вакил, гьелъул хIакъалъулъ кинабго дунялалдаго бицине, - йилан абулеб буго Оманалдаса дизайнер Хюда ал-Абрица.

Гьаниб дица гIараб пачалихъазул чанго чIужугIаданалъул рагIаби рехсана. Гьел гIемерал руго. Гьезул анализ гьабуни, бичIчIула – Расулил асарал гьезие ричIчIулеллъул ва рекIее гIагаралльун руго. Гьез киназго цо кIалалъ гIадин абулеб буго, Расулил шигIраби цIализе рокьулел, ракI тIаде цIалел, жиделъ лъикIлъи, берцинлъи, гурхIел-рахIму ва рокьи дунялалда бергьиналде божилъи бугел ругилан. ГIараб пачалихъазул маданияталда лъугьа-бахъинлъун буго Расул ХIамзатовасул творчество. Гьес гьесул хатI дунялалъулго литератураялда лъидаго релълъинчIеблъун ва асарал жеги лъицаниги хъвараздa релълъинчIеллъун рикIкIунеб буго. «Дун цеве вукIарав гуро, дие батIияб магIна жаниб лъураб дунял рагьана Расулил шигIрабаз», – илан абураб пикру буго гIемерисел Расулил асарал цIаларал гIарабазул. Гьесул творчество гIараб халкъалда гьоркьоб цIалулеблъун ва цIиял наслаби тIаде цIалеблъун буго жакъа къоялъги.

**ПатIимат ГIАЛИБЕКОВА,**
**Дагъистаналъул гIелмияб централъул гIелмияй хIалтIухъан**



## Ясазул годекIан

# Таксичиясул хабарги, хадуйго гъоларей дунги, тIаде щвараб ЦIияб сонги...

***Кутакаб гьороца хъамураб гIадин, бекерун бачIана ЦIияб сон. ГIедегIугееее - йилан абураб жоги бичIчIичIо. БачIинищиланги гьикъичIо.***
***Гьебго гьуй-чIваялъ хъамун арал гIадин ана щунго рукIарал гIодоркъоялги…***
***ВахI, щибха алъул ккарабилан хIисаб гьабигун, тIанкIан ракIалде рачIана таксичагIи.***
***РакIцин гурхIана дир гьезда. ЗахIматаб хIалтIи букIун буго таксичагIазул.***

### ТАКСИЧИ ВУГОАН ХАБАРГIАЛИ

ЦIияб сон тIаде щвезе цо къо хутIараб мехалъ, мандариналгун сайгъатал жаниб лъураб бакIаб къвачIаги кодоб букIун, расги барахщичIого, ахIана такси…

Валлагь, цо минуталъги чIечIо гьев таксичиясул кIал буцIцIун. Гьес бицана, гьал къоялила кутакалда захIматал, щиб бихьилебали лъаларел, гьаб кIочон тараб бихьугегийилан жиб-жиб къоялъ Аллагьасе щукруги гьабун рукIине кколел къоял ругилан.

- ***ВахI!? Нухда чIвараб цIералъищ, цIакъго гIемерал заказазищ, гьекъарал-мехтарал бихьиназищ гьедин дур дунялалдаса рокьи бичизабун бугеб,*** - илан, ракI унтун лъугьана дун. *(ГьебсагIат, гьекъон тарулев чи вихьичIого щуго-анлъгониги сон ун батилин дирилан пикраби сверана ботIролъ).*

- ***КиргIаги, яц, дуда эл гьекъарал бихьинал рихьарал,*** - илан гIажаиблъана гьев, - ***цониги рекIинчIо гьекъарав бихьинчи таксиялда…*** *(БитIараб бугоха, гьекъарал бихьиназе таксиялъухъ кьезе гIарац кисайилан гьабуна дица пикру).* ***Гьекъарал руччабаз буго чара хвезабун.*** *(Руччаби гIантал гьечIелъулха кинабго гьекъезейилан ккана дида ракIалде)))).*

***Гьал къояз гьекъарай гурони килиентцин щвечIо. Цоялъ, гьаюраб къоялдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан кинабго жиндирго гIумруялъул бицана, цо гьитIинабгIаги хIужа гьоркьоб биччачIого. Цойгиялъ, якьадалъул гIамал-хасияталъул мекълъиялъул бицана… Лъабабилелъ, кинго бичун унареб, кибалиго бугеб, лъабго нухалъ жиндицаго Амировасухъе нухги бахъун щун букIараб, рукъ базе ракьул бицана…***

Цойги йикIун йиго тIубанго хIикматай.

- ***Машинаялда жание йортунги ячIун тIанкIан кьижун ккана цояй… Я унеб бакI лъаларо, я гьабилеб дарман лъаларо, лъабго сагIат бана йорчIизайизе кIоларого… Хадубги, хIалил зулмуялъ машинаялддаса къватIиеги яхъинаюн цо хIобода язаюн тана… Цоцаца ккун, ротрун инчIого рукIине,*** - йилан таксистасул хабарги лъугIана, дунги рокъое щвана.

Гьеб таксичиясул харбидаса хадуб, я макьу щвечIо, я квен эхебе инчIо *(цодагьаб жо гурони)*, ЦIияб сонцин кин бачIарабали лъачIого бачIун батана… риччалъе ккун. Путинги берда цеве паркъанин ккола.

Амма, букIаниги, дица хIукму къотIана, гьел руччаби нилъерал рукIун ратуларин. Нилъер гьединал руччаби рукIинищха? Гьел рукIун ратула инопланетянал – батIиял цIвабзаздаса рештIарал туристал. Таксичиясда мехтунилан кканиги, цо тIадкъай тIубазабулел чагIи рукIун ратула гьел. Цоялъ къвал бараб доб антенаги хIубийилан ккун буго ав пакъирасда…

## ЦОГИ ТАКСИСТ – КIАЛБАЗАР

***- ВахI, ясал, нуж цIодорал гIадал жал рихьула. Щибха ккараб аб нилъер хIукуматалъул? Путинил заманги гIемераб мехалъ хутIуларо. Гьесдаго цадахъ гьав нилъеравги уна. Гьеб мехалъ вачIуна нилъерго Амиров президентлъун ва букIина нилъер алжаналъуб гIадаб гIумру…***

***- Цо-цо чагIазе жидедаго тIад хIатIал рацIунел чагIи гурони бетIерлъуда данде кколаро,*** - ян дица абидал, гьебги цIакъ рекIее гIечIо таксичиясе.

***- Гьанже цIакъ гIемер ракъарал чагIи руго… Нижер мадугьалалъ чай гурони гьекъоларо... Гьаб мусорги нилъер бетIерасулги, гьесул гьудуласулги буго аниб къватIазда щущан,*** - илан, гIемерал ахIмакъал гьесул харбазухъги гIенеккун, талихIалъ, щвана щолеб бакIалде.

Гьанже ав, чехьчурад, вуго, кигIан хIаракат бахъаниги кIвечIила дуда хIукуматалде данде чIчIараб цо рагIи абизабизе, мунгоги правительствоялда хIалтIилей ятилила.

***- БитIун тIаде ккана. Гьаб правительствоялъул рахъалдасан ракъаразе,*** - йилан, кколелда тIадеги таксичиясе анцIго гъурущги кьун, лъугьана машинаялдаса къватIий.

Рокъое щвейгун кIодоэбелалъе рицана таксичагIазул харбал.

- ***Вай, дир яяяяс*** – илан абуна гьелъ, - ***эл таксичагIи ишпионал рукIунилан рагIун букIана дида, ворегиха мун цIодорго йикIа. ДугIа гьабе. ЦIияб сон рохел гIемераб, талихI гьарзаяб, хабарал лъикIаб бачIагийилан гьаре. Дунялалда рагъул, кьалул гьаракь къотIагийилан, лъимал чIаго-гIатIго эбел-инсуда аскIоре рокъоре рачагийилан кверал цере кквe…***

- ***ВахI*** – илан ккана нахъойги дида ракIалде. - ***КIодоэбелалдацин лъалеб букIун буго… дида щайха щибго рагIичIеб?! ДугIаяли гьоркьоса къотIизе биччаларин.***

Ишпионалги инопланетяналги цого чагIидай яги цадахъ рукIунел чагIидай? Вай, дида дандчIван рукIарал гIадамал щалдай? Йикъун ун йикIарайани, кинаб цIваялдасандай нужехъ ялагьун йикIинаан?

Воре, ясал, цIодорго рукIа, нагагь къваригIел гьечIеб жо гьекъани, инопланетянал лъугьине рес буго… Яги ишпионаз рикъун ине… Аставпируллагь! Аллагьас цIунагиха! МахсарогIаги бичIчIулебдай таксичагIазда))).

* * *

Хириял магIарулал!

Кидаго гIадин, лъикIаб, талихIаб, баракатаб, гьарзаяб, ракълилаб букIинин ЦIияб 2024 сонилан хьулазул ругIун цIун руго нилъ исанаги. ЛъикIалде хьул инсанасул букIунеб букIинчIебани, гIумру гьабунго бажариларoан. Бищун кIудияб хьул буго рагъул-кьалул балагьги тIаса ун, нилъер киналго васал сах-саламат рокъоре руссинилан, нилъер наслаби берцинаб гIумруялда гIемераб мехалъ рукIинилан. Аллагьас гьедин хъван батаги.

Баркула ЦIияб сон!

**Баху МУХIИДИНОВА**





# СУНАРЕЛ ЦIВАБИ

Къисматалъ ячун, дун щвана Мценск шагьаралъул «Гранд» абураб гостиницаялде. Гьеб букIун буго нилъер ракьцоясул гостиница. Гьениб, къайи-свери гуребги, кван-тIехги бугоан Дагъистаналъул. Гьениб дир лъай-хъвай ккана 30 соналъ гьеб шагьаралда гIумру гьабун йигей Хъазиева СалихIатилгун. Гостиницаялъул бетIергьанги жидер хъизаналъул лъикIав гьудул вугила, гьеб рагьараб къоялдаса нахъе гьений хIалтIулей йигилан бицана СалихIатица.

Гьеб шагьаралда бараб кIиго къоялда жаниб дун цогидал ракьцоязухъеги щвана, цо хъизан гIадин гьел гьенир ругел гъункун, цолъун рихьизе заманги гIуна.

Амма СалихIатица ва гьелъул къисматалъ дир рекIелъ кIудияб бакI ккуна. БерчIвайгун бичIчIана дида гьелъул рекIеда цо бакIлъи букIин. Сунцадай гьай гIаданалъе гIакъуба кьолеб бугебилан абураб суал хутIана гьаваялда…

Хабар-кIалалда рукIаго якъинлъана СалихIатица некIогоялдаса нахъе кучIдул хъвалел рукIинги. Гьелъул кучIдузулъ батана дида дир суалалъе жаваб. ВатIаналде, эбелалде, тIабигIаталде хъварал рокьул цIурал кучIдузда цадахъ, бищун гIолохъанаб тIогьол гIужалъ, унтиги чIван, гьелъул кодов хварав васасда ва гIолохъанго гьелдаса ватIалъарав росасда хадуб рекIел унтиги бухIиги загьир гьабурал кучIдул ругоан гьелъул.

Вас Халил вукIун вуго греко-римазул речIчIухъ лъугьиналъул Россиялъул чемпион, Халкъазда гьоркьосеб классалъул спорталъул мастер. Гьесие щун буго кинабниги I39 медаль, гьезда гьоркьоб II9 меседил медаль. Орел областалдаги къватIибги гьев машгьурав спортсмен вукIун вуго. Бицуна, спортивиял цIиял харбал кидаго гьесул цIаралдасан байбихьулаанилан. Халил цIалулев вукIараб школалда гьесие хасаб стендги буго гьабун.

Эбелалъе ва тIолабго Хъазиевазул хъизаналъе гьев хутIана хирияв васлъун, Россиялъул тарихалда чемпионлъун.

ГIахьвахъ районалъул МестIерухъ гьаюрай ва гIурай СалихIат, школа лъугIигун, гьебго росулъа Иваново шагьаралда энергетическияб университеталда цIалулев МухIамадгIарипиеги ун, гIумру гьабизе Иваново шагьаралде яхъуна.

МухIамадгIарипги вукIуна захIмат хирияб Хъазиевазул хъизаналда лъабабилев вас. Гьез хIаракат бахъула лъималазе тIадегIанаб лъай кьезе. Бищун кIудияв Шагьидав бищун хIалтIи бокьулев вукIана ва росулъго хIалтIизе чIола. МахIмудица Ригаялда росдал магIишаталъул академия лъугIизабула ва гIемерал соназ гIумру гьабунги гьенивго чIола. Бищун гьитIинав ГIабдулбасир, МухIамадгIарипил малъа-хъвалда рекъон, гьев цIалараб энергетическияб университеталда цIалула. Гьанже гьев «МустахIикъав энергетик» хъизангун Череповец шагьаралда вуго. Гьезул яц Бахуги хъизангун гIумру гьабун Хасавюрталда йиго.

МухIамадгIарип – «Россиялъул ХIурматияв энергетик», пачалихъалъулго энергетикаялъул тадбиразда гьорлъ жигараб гIахьаллъи гьабулев лъикIав специалист, гьитIинго цIализе лъикIав, малъараб гьабулев, тарбия щварав васлъун вукIуна. Гьесул анищ букIана литератураялъул учительлъун вахъине, Документалги кьун рукIана МахIачхъалаялда ДГУ ялъул филологияб факультеталде лъугьине. Амма Аллагьасул хъвай батIияб букIун буго.

ЦIализе ворчIичIелъул, гьев уна ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалде хIалтIизе, гьенисан армиялде. Армиялдаса вуссингун, цIализе лъугьуна Ивановоялъул энергетическияб университеталде…

Хъазиевазул талихIаб хъизаналда кIудиял гIола лъимал, гьезул бергьенлъабаздаса рохун, чIухIун рукIана эбел-эмен. Амма, 25 сон барав гIолохъанчи, спортсмен, хирияв вас Халил унтидал ва кватIичIого къадаралде щведал, кидаго сахлъулареб ругъун лъуна эбел-инсул ва гIагарлъиялъул рекIеда. Гьелдаса хадуб, чанго соналъ унтиги чIван, 58 сон барав чи къадаралде щвана Халилил эмен МухIамадгIарипги.

Бищун рекIее хириял васасдасаги росасдасаги ятIалъун, куркьбал къотIараб хIинчI гIадин йигей СалихIатил рекIее дарулъун руго лъималазул лъимал. СалихIатица бицухъе, гьей МухIамадгIарипгун талихIай йикIун йиго. Берзул балагьиялдалъунгицин кварид гьайичIила гьес жийилан бицана гьелъ. Жийгоги гьей цIакъ сабурай гIадан йиго. РакIгьеялъе лъикIай мадугьал Вера Ильиничнаги йиго.

Мадугьалзабазулгун гьудуллъиялда хурхараб цоги лъугьа-бахъин буго гьеб хъизаналъул. Мценскалда квартира щведал, аскIоб бугеб подъездалдаса Татьяналгун лъикIаб гьудуллъи букIуна Хъазиевазул. Унтун, онкологиялъул больницаялде егизе унаго, гьелъ СалихIатихъе битIун бачIуна, жиндир васасул тIалаб гьабейилан гьарараб кагъат. Татьяна

борльницаялда хола ва, опекаялъул чагIи вас вачине рачIиндал, жив СалихIат ункъачуда аскIов тейилан гIодула Саша. МухIамадгIарипицаги СалихIатицаги гьарула вас жидехъ тейилан. СалихIатни йохун йикIуна цоги васасе хъулухъ гьабизе щвеялдаса. Гьев вукIуна цIакъ цIодорав вас. Сашагун СалихIат олимпиадабазде хьвадула, школа лъугIигун, тIадегIанаб лъай щвезе, цIализеги лъугьинавула. Гьанже кIудияв гIурав ва жиндирго хъизан бугев Александр, Хъазиевазул хъизаналъе баркалаялда, СалихIатил хIеренал кверал, тIагIамаб квен, хинаб бербалагьи кидаго кIоченарилан вукIуна.

Гьудул МухIамадгIарипил хъизаналъул беразулъ бугеб пашманлъи бихьун, къваридал пикрабаздаса гьей ятIа гьайизелъун, ГIисабегица ва гьесул хъизан Майсаратица СалихIат гостиницаялде хIалтIизе ахIула.

Риидалил заманаялъ яги гIидалъул кьояз Хъазиевазул хъизан кидаго унаан МестIерухъе. Гьенисан гьел руссунаан гIагараб тIабигIаталъ, инсул рукъалъ, росдал гIадамаз рекIее кьураб рокьул цIун. МухIамадгIарипил ва СалихIатил пикраби цо рукIунаан, бакъуеги гьел цадахъ рохулаан, лъималазул релъиялъги гьел цадахъ талих1аллъун гьарулаан. ТалихIаб хъизан букIана гьезул …

Къаси-къаси МестIерухъ росдада тIад зоб цIвабзазул цIун букIуна. Гьезда гьоркьоб кIиго цIва цIакъго кунчIун рихьула СалихIатида – гьел руго МухIамадгIарипилги Халилилги цIваби. Гьез гвангъизабула киналго ракьалда хутIарал г1агаразе гIумрудул нух.

**Бикеханум АЛИБЕКОВА**

## СалихIат ХЪАЗИЕВА

### Дир хирияй эбел

*Дида ракIалда йиго, хъахIлъи балалде, эбел,*
*Рахъу бахъун, цIа бакун, квен гьабизе жуялей,*
*Кванaзе нижги гьарун, гIачи речIизе уней,*
*Росулъе бакъ щвелалде хурие гIедегIулей.*

*Цинги цее чIола гьей, гъежда харицелги лъун,*
*Къаде тIадюсинилан, магъилъе екерулей.*
*Хурисан гьей чIобого жегиги тIадюсинчIо,*
*Киданиги гьелъул мугъ магъ гьечIого хутIичIо.*

*Доле эбел ячIуней, мугъалда магьги баччун,*
*Бакъ росулъе щвелалде хурисан тIадюсуней,*
*Мугъзадасан магъ рехун, хех гьабун лъадай уней,*
*Чорокаб нижер ретIел, чурун, мокъида балей.*

*БукIинчIо гьелъий хIалхьи, хIалтIи букIана гIемер,*
*ГIодой кIусун кванaзе букIинчIо гьелъий заман,*
*ЙихьичIо дида эбел берцинаб горде ретIун,*
*ЯтичIо дида эбел хIалтIи гьечIого кIусун.*

*Къаси кватIараб сардилъ нижей ретIел хьухьуней,*
*ХъахIлъи балалде эбел ратIлида рукъи балей,*
*МагIарухъ гьелъ бухъичIеб хур хутIун батиларо,*
*Гьелъул кверaз бецичIеб сан хутIун батиларо.*

### Унеб буго заман

*Унеб буго заман, хъахIлъулей йиго,*
*Дидаго лъачIого къулулей йиго,*
*Хисун буго гIамал, хун буго сабру,*
*Дун дидаго дунго йиго кIалъалей.*

*Дирго къварилъигун уней йиго дун,*
*Къаси сордо щведал унтулей йиго,*
*Дий захIматго буго, мун аскIов гьечIо,*
*Дир каранда ругъун сахлъулеб гьечIо.*

*Гьеб унтулеб буго, бухIулеб буго,*
*БухIараб лъел ведро тIаде тIун буго,*
*ТIасан хъалги ун, дун квачалей йиго,*
*Дур пикраби гьарун, херлъулей йиго.*

*Бакъул хинлъи гьечIо, цIоролей йиго,*
*Кивехун мун ккарав, бабал хазина,*
*Халил, дир берцинав, чалухав, лъикIав,*
*КватIулев щай вугев рокъов вачIине?*

*Бокьила ягъизе, цинги къвал базе,*
*РогьинегIан гордухъ ялагьун чIезе,*
*КивгIаги хутIарав бабал хазина,*
*Вуссунарев щайзе эбелалъухъе?*

### РекIел гьудул МухIамадгIарипиде

*Вугодай ракьалда, дие мун гIадав,*
*Сахаб гIамал бугев, рагIи камилав,*
*Лъималазе бищун лъикIав эменлъун,*
*Лъадиялъе бищун хIеренав роcльун.*

*Лъалхъиго гьечIого бекерун араб*
*ГIумруялда буго дир цIакъ ракI бухIун,*
*Бищунго нижее хIажалъун ккедал,*
*Мун цевеса тIагIи буго захIмалъун.*

*ГIурулъе жубазе бугеб гIищкъуялъ*
*ГIедегIун чвахула мугIрул иццул лъим,*
*ГIедегIун ана мун, тана дун гьадин,*
*ЧIобого хутIана каранда дир ракI.*

*Жанисан рухIулеб яхI гьечIеб унти*
*ИнчIо дур чохолъа, кин къеркьаниги,*
*Дир ракIальул гьудул, МухIамадгIарип,*
*Тохлъизаруна нилъ гьаб нухалдаги.*

*МухIканав вукIана мун киналъего*
*НусцIул борцунаан, цин къотIилалде,*
*Мун вукIана нижер къимат цIунарав,*
*Мун вукIана нижер къадру борхарав.*

*Баркала кIудияб лъикIаб гIумрудухъ,*
*Баркала кIудияб дур адабалъухъ,*
*ЛъикIаб ахират кьун вохизавеги,*
*Даим нижер рекIелъ бакI ккурав инсан.*

# РекIехъе лъазабизе!

*Расул ХIАМЗАТОВ*



## МАГIАРУЛАЛ

Релъи-хъуй гьечIого рохизе лъалел,
МагIу чвахичIого гIодизе лъалел,
ГIишкъул рекIараб цIа цIунизе лъалел,
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.

БакIал къваридалъур ракIал гIатIидал,
Рукъ мискинлъаниги намус бечедал,
ТIаде бачIараб къо лъимлъун къулчIулел,
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.

Лъимадул гIадинаб, гIадатияб ракI
Чаранлъун къвакIула, къел гьабун хадуб,
КъваригIаралъуб рухI майилан кьолел,
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал

РикIкIен дагьлъаниги, гьунар гIемерал,
ГIурда тIегь бижизе чорхол би тIолел,
Божизе бегьила гьаб дир халкъалда,
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал!



# Журнал в журнале



Фото Е. Тимохиной.




С наступлением Нового года каждый из нас задумывается о том, как украсить свой праздничный стол и порадовать близких и друзей самыми вкусными блюдами.
Год 2024 по китайскому календарю станет годом Дракона, и мы предлагаем вам узнать, что должно быть на новогоднем столе, чтобы привлечь удачу и заручиться покровительством символа года.
Дракон является символом мудрости, силы и власти. Самым важным качеством в этот год, позволяющим добиться больших результатов, будет уверенность в себе и своих силах, творчество и решительность. Если вы являетесь счастливым обладателем этих качеств, Дракон непременно поможет вам в достижении целей. Символ года любит яркие краски и острый вкус, поэтому на столе должны быть красные фрукты, орехи, свежая рыба, красное мясо, специи и другие продукты, которые подчеркнут яркий и сильный характер Дракона.

### ЧТО ДОЛЖНО БЫТЬ НА СТОЛЕ В ГОД ДРАКОНА?

**Как учесть гастрономические вкусы этого знака? На столе должны быть следующие продукты:**

1. *Мясо*. Оно может быть представлено в виде говядины, баранины, свинины, утки или индейки. Важно, чтобы мясо было свежим и качественным.
2. *Орехи*. Орехи символизируют сильное здоровье, богатство и долголетие. На столе должны быть миндаль, кедровые орехи, грецкие орехи и другие.
3. *Фрукты*. На столе должны быть красные фрукты: гранаты, яблоки, красные мандарины, можно использовать в десертах замороженную вишню или клубнику.
4. *Рыба*. Рыба символизирует изобилие и богатство. Чтобы год был финансово успешным, на столе должны быть блюда из рыбы. Проще всего (и полезней) запечь филе красной рыбы или карпа целиком в духовке. Также по вкусу Дракону придется традиционное новогоднее блюдо – бутерброды с красной икрой.
5. *Рис*. Рис также символизирует изобилие и богатство.
6. *Зелень*. Зелень символизирует рост и развитие. На столе могут быть укроп, петрушка, кинза, шпинат, листовой салат, кабачки, брокколи и т.д.

### ОТ ЧЕГО ЛУЧШЕ ОТКАЗАТЬСЯ В ПРАЗДНИЧНОМ МЕНЮ?

*Мясо кролика*. Кролик является знаком, противоположным Дракону, и символ года не одобрит такого соседства.

*Курица*. Курица является символом бедности, и не рекомендуется её есть в этот год. Следуя этим рекомендациям, вы сможете подготовить новогодний стол в год Дракона и привлечь удачу и благополучие. Тем, кто не верит в гороскопы, – проще всего! Можно готовить все, что желает душа и позволяет кошелек!

ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?

## ВЕЛИКИЙ УСТЮГ: РОДИНА ДЕДА МОРОЗА

Главный зимний волшебник «прописан» в Великом Устюге. Город расположен на севере Вологодской области, и его история ведет отсчет с 1147 года, а это значит, он – ровесник Москвы. У Деда Мороза в Устюге своя резиденция, в ней есть тронный зал, музей, мастерские, почта и сувенирная лавка. И дети, и взрослые могут поговорить с волшебным дедом, отправить праздничные открытки с его автографом и особенным штемпелем, а еще – что-нибудь изготовить себе на память в сказочных мастерских. Есть у Деда Мороза и загородное жилище. Вотчина его находится в 11 км от города. Тут расположился целый городок: гостиничные коттеджи, площадки для игр, аттракционы. Сам Дед Мороз живет в роскошном тереме, где у него опочивальня, кабинет, мастерская. Есть тут и светелка внучки Снегурочки, которая приезжает к нему погостить из Костромы.







## САЛАТ ИЗ ЛОСОСИНЫ С КРЕСС–САЛАТОМ
### Пикантный, нежный вкус

- 250 г шампиньонов
- 2 моркови
- 2 стол. ложки лимонного сока
- соль
- молотый черный перец
- сахарный песок
- 4 стол. ложки оливкового масла
- 50 г ломтиков копченого лосося
- 1 чайн. ложка тертого хрена

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ**

1. Шампиньоны обтереть влажным полотенцем, по желанию удалить ножки, очистить и нарезать тонкими ломтиками. Морковь вымыть, очистить от кожицы, разрезать на пластины, а затем нашинковать узкими полосками. Кресс-салат перебрать, тщательно промыть под струей воды и обсушить.

2. Для приготовления маринада для салата перемешать лимонный сок, соль, молотый черный перец и сахар по вкусу. Затем медленно влить растительное масло и еще раз все тщательно перемешать.

3. Кресс-салат, морковь, шампиньоны и ломтики лососины разложить по тарелкам и сбрызнуть маринадом. Посыпать тертым хреном и подать на стол.

## ПИКАНТНЫЙ САЛАТ С ЦУКИНИ
### (приправленный тимьяном и душицей)

- 750 г цукини
- 70 мл оливкового масла
- 1 стручок перца чили
- 2 зубчика чеснока
- 2 стебля зеленого лука
- 4 стол. ложки уксуса бальзамико
- 60 мл лимонного сока
- по 1 чайн.ложке сушеного тимьяна и душицы
- соль и молотый черный перец

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ**

1. Цукини вымыть, очистить и нарезать кружочками толщиной 4 мм. Разогреть 2 стол. ложки растительного масла и порциями с обеих сторон обжарить в нем овощи. Выложить на бумажное полотенце и дать стечь излишкам жира.

2. Стручок чили вымыть, разрезать пополам, очистить, мелко порубить. Чеснок очистить и нарезать кружочками. Зеленый лук очистить, вымыть, нарезать кольцами.

3. Перемешать уксус, лимонный сок, тимьян, орегано, чеснок, репчатый лук, чили и остатки растительного масла. Посолить и поперчить.

4. Ломтики цукини сбрызнуть маринадом и оставить на 15 мин пропитаться. По желанию посыпать салат зеленью и украсить дольками лимона.

Время приготовления: 35 мин
В одной порции 210 ккал
Белки – 3 г, жиры –18 г, углеводы – 8 г

## СОЧНЫЙ САЛАТ С РУКОЛОЙ (с помидорами, цукини и ароматным маринадом)

- 4 стол. ложки малинового уксуса
- соль, молотый черный перец
- 1–2 чайн. ложки жидкого меда
- 7 чайн. ложек дижонской горчицы
- 200 г помидоров черри
- 8 сушеных помидоров в растительном масле
- 4 небольших цукини, можно с цветками
- 150 г салата рукола.

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ**

1. Смешать уксус, соль, молотый черный перец, мед и горчицу. Сушеные помидоры откинуть на дуршлаг, отдельно слив из банки 2 стол. ложки масла. Масло добавить в маринад и все тщательно перемешать.

2. Помидоры черри вымыть и разрезать на дольки, сушеные помидоры нарезать кубиками. Цукини вымыть и очистить, а цветки, по желанию, отщипнуть. Плоды нарезать тонкой соломкой. Руколу вымыть и очистить.

3. В салатнице перемешать руколу, помидоры и соломку цукини. Перед самой подачей на стол сбрызнуть маринадом и перемешать. По желанию украсить цветками цукини.



# Вкусные

## С ДЖЕМОМ И МИНДАЛЕМ



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- *400 г слив*
- *100 г коричневого сахара*
- *2 пакетика ванильного сахара*
- *200 мл молока*
- *2 ч. л. сухих дрожжей*
- *2 ст. л. белого сахара*
- *2 яйца*
- *щепотка соли*
- *50 г сливочного масла*
- *500 мл муки*
- *1 желток*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Для начинки сливы (лучше черные) разрезать на половинки и удалить косточки. Мякоть нарезать мелкими кубиками и переложить в ковшик. Влить 2 ст. л. воды, добавить коричневый сахар и ванильный. Довести до кипения. Варить на слабом огне 10 мин. Дать остыть.

2. Для теста в теплом молоке развести дрожжи. Добавить 1 ст. л. белого сахара и перемешать. Оставить на 15 мин.

3. Яйца взбить с оставшимся белым сахаром и солью. Масло растопить.

4. В молочно-дрожжевую смесь всыпать муку. Добавить взбитые яйца и теплое масло. Вымесить тесто и дать подняться в течение 1,5 ч.

5. Тесто раскатать в пласт толщиной 1 см. Сверху распределить сливовую начинку. Свернуть пласт теста рулетом и выложить на противень, выстланный кулинарным пергаментом, швом вниз. Смазать желтком и выпекать около 30 мин при 180°.

## ДРОЖЖЕВОЙ СО СЛИВАМИ И ВАНИЛЬЮ



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- *400 г замороженного слоеного или обычного дрожжевого теста*
- *60 г очищенного миндаля*
- *9 ст. л. густого джема*
- *2 ст. л. сахарной пудры*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Дрожжевое тесто выложить из упаковки и дать полностью оттаять в прохладном месте.

2. Для начинки миндаль опустить в кипящую воду и держать на сильном огне 2 мин. Сразу же переложить шумовкой в ледяную воду и оставить на 10 мин. Очистить миндаль и подсушить в духовке при 150°. Измельчить в блендере.

3. Духовку нагреть до 180°. Тесто раскатать в пласт толщиной около 1/2 см и разрезать вдоль на 3 части. Каждую смазать джемом и посыпать миндалем. Сложить вдоль пополам и скрепить края. Сплести получившиеся жгуты между собой в виде косички и уложить на противень. Края скрепить. Выпекать около 30 мин. Дать немного остыть и посыпать сахарной пудрой.

# рулеты

## С ШОКОЛАДОМ И ОРЕХАМИ



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- *100 г горького шоколада*
- *300 мл сливок (жирность – 33%)*
- *75 г сливочного масла*
- *6 яиц*
- *180 г сахара*
- *80 г муки*
- *1 ч. л. разрыхлителя*
- *щепотка соли*
- *70 г рубленых грецких орехов*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Для крема шоколад со сливками нагреть до получения массы однородной консистенции. Дать остыть и убрать в холодильник.

2. Для теста растопить масло. Желтки взбить с сахаром. Добавить теплое масло, муку с разрыхлителем и перемешать. Белки взбить с солью в крепкую пену и быстро соединить их с мучной массой.

3. Тесто выложить на противень, выстланный пергаментом, и выпекать 12 мин при 190°. Сразу свернуть рулетом.

4. Две трети орехов смолоть в блендере и подмешать к холодной шоколадной массе. Бисквит развернуть и смазать 3/4 крема. Свернуть рулетом. Убрать в холод на 1 ч. Перед подачей украсить рулет оставшимся кремом и рублеными орехами.

## С НЕКТАРИНАМИ И МАНГО



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- *4 яйца*
- *щепотка соли*
- *100 г сахара*
- *цедра 1/2 лимона*
- *40 г сливочного масла*
- *100 г муки*
- *1 ч. л. молотой куркумы*
- *10 г желатина*
- *1 нектарин*
- *1/2 манго*
- *400 мл сливок (жирность – 33%)*
- *6 ст. л. сахарной пудры*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Яйца разделить на белки и желтки. Белки взбить с солью и убрать в холодильник. Желтки взбить с сахаром, добавить цедру и перемешать. Влить растопленное масло, всыпать муку и куркуму. Перемешать. Добавить белки. Быстро перемешать.

2. Тесто выложить на противень, выстланный пергаментом, и выпекать 10 мин при 200°С. Свернуть рулетом.

3. Для крема замочить желатин. Мякоть нектаринов и манго нарезать мелкими кубиками. Желатин распустить. Сливки взбить с пудрой и подмешать теплый желатин. Соединить с фруктами.

4. Крем распределить по бисквиту и свернуть рулетом. Убрать в холодильник на 2 ч.



# 9 ПРОДУКТОВ, *которые помогут избавиться от тошноты*

ДАЖЕ В ЛЕГКОЙ ТОШНОТЕ НЕТ НИЧЕГО ПРИЯТНОГО. И СОВСЕМ НЕ ХОЧЕТСЯ, ЧТОБЫ ОНА ПЕРЕХОДИЛА В БОЛЕЕ СЕРЬЕЗНУЮ СТАДИЮ. КАК ЭТОГО НЕ ДОПУСТИТЬ? МЫ ЗНАЕМ СПОСОБЫ ОБОЙТИСЬ БЕЗ ТАБЛЕТОК!

## 1 МЯТА

Она помогает желчи проходить через пищеварительную систему, одновременно улучшая работу желудка. Мяту можно заварить в виде чая или просто пожевать пару листиков. В крайнем случае можно устроить сеанс ароматерапии с использованием эфирного масла перечной мяты.

## 2 ИМБИРЬ

Это растение с древних времен считается залогом здорового желудка. Имбирь содержит гингеролы и сегаолы – вещества, которые придают ему тот самый пряный вкус, а также обладают противорвотными и противовоспалительными свойствами. Многочисленные исследования доказывают, что имбирь – это эффективное средство от тошноты и рвоты.

## 3 ЛИМОН

Прежде всего сам запах этих цитрусовых способен «отвлечь» наш мозг от тошноты. Также лимоны помогают выводить токсины из организма. Ешьте их так, как вам больше нравится: добавляйте в чай, воду или просто нюхайте. Исследование ученых, проведенное в 2014 году, показало, что вдыхание аромата нарезанного или свежевыжатого лимона позволяет беременным женщинам испытывать меньшую тошноту во время токсикоза.

## 4 ЯБЛОКИ

Эти плоды содержат клетчатку, которая помогает быстрее выводить токсины из организма. Клетчатка также облегчает пищеварение, что может помочь снизить тошноту. Но не перебарщивайте с яблоками. В большом количестве клетчатка, наоборот, лишь усиливает тошноту. Одного яблока в день достаточно: целого, по кусочкам, в виде пюре или сока – как вам нравится.

## 5 КРЕКЕРЫ

В простых крекерах много крахмала, который помогает усваивать желудочную кислоту и успокаивает пищеварительную систему. Если же вы больше любите соленые, обрадуем – их иногда тоже можно есть (но не злоупотребляйте!).

## 6 ХОЛОДНЫЕ ПРОДУКТЫ

У многих людей тошнота и чувствительность к запахам идут рука об руку. В этом случае можно съесть что-то холодненькое, поскольку такие продукты обычно менее ароматные, чем горячие. Например, можно «полечиться» мороженым. Но если вам в этот момент неприятно даже думать о еде, попробуйте просто подержать во рту кубик льда.

## 7 КУРИНЫЙ БУЛЬОН

Лимон и мята могут помочь нам избавиться от приступов тошноты. Но они не способны утолить голод, а есть-то хочется... И тут спасет тарелочка куриного бульона, который полезен, например, и при простуде. Кстати, наваристый супчик есть не стоит – он слишком тяжелый для желудка. А вот легкий бульончик прекрасно подойдет.

## 8 ПЕРЕЦ ЧИЛИ

Вы, возможно, удивитесь, но капсаицин, химический компонент, который содержится в перце чили и придает ему остроту, широко используется в средствах для облегчения боли с 80-х годов. А все благодаря «дефункционализации» болевых рецепторов. Эта же способность делает перец чили довольно эффективным средством от тошноты.

## 9 ЛЕДЕНЦЫ

Существует связь между гипогликемией (низким уровнем сахара в крови) и тошнотой, поэтому иногда немного чего-нибудь сладкого может помочь ее снизить. Можно использовать «средства два в одном», например, леденцы со вкусом лимона будут прекрасным средством от тошноты.

## *Научно доказано,*

**ЧТО НЕКОТОРЫЕ ПРОДУКТЫ УСПОКАИВАЮТ ЖЕЛУДОК, ТАК ЧТО ОНИ МОГУТ СЛУЖИТЬ СВОЕГО РОДА ЛЕКАРСТВОМ ОТ ТОШНОТЫ. ЕСЛИ ВЫ НЕ ОСОБО ЛЮБИТЕ ТАБЛЕТКИ, ПОПРОБУЙТЕ ПЕРЕКУСИТЬ ЧЕМ-ТО ИЗ НАШЕГО СПИСКА. А ИНОГДА ДОСТАТОЧНО ПРОСТО ИХ ПОНЮХАТЬ!**



# Будильник Деда Мороза

*(Сказка)*

В далекой Северной Стране живет старый добрый волшебник – Дед Мороз. У него очень важная работа: дарить детям Праздник. В новогоднюю ночь он облетает всю землю и под каждой елочкой оставляет чудесные подарки для детей. Дело это, конечно, нелегкое, ведь на свете так много девочек и мальчиков, которые ждут новогоднего волшебства! Чтобы набраться сил, Дед Мороз спит до самой зимы. А когда приходит время готовиться к празднику, просыпается от звона своего волшебного будильника. Так происходит каждый год.

Но однажды случилась беда: будильник Деда Мороза сломался! Новый год был уже совсем близко, но будильник так и не зазвенел. Обеспокоенная Снегурочка изо всех сил старалась разбудить старого волшебника: дергала его за руку, трясла над ухом самым звонким колокольчиком и даже натирала ему щеки холодным снегом. Но ничего не помогало! Дед Мороз только зевал, поворачивался на другой бок и сладко похрапывал. Грустные эльфы разбирали огромные мешки с непрочитанными письмами Деду Морозу и громко вздыхали, покачивая головками. Время шло, волшебник все спал, а они ничего не могли сделать. И только самый маленький эльф не унывал. – Должен же быть какой-то выход! Ну же, не отчаивайтесь! Нельзя оставить без праздника всех детей земли!

Снегурочка ласково погладила маленького эльфа по рыжим волосам и тихо сказала: – К сожалению, мы не можем все исправить. Дед Мороз спит очень крепко, и разбудить его может только волшебный будильник или звонкие детские голоса. Но мы живем так далеко от людей, что даже быстрый ветер не доносит сюда эха. Мне очень жаль, маленький эльф… Снегурочка всхлипнула и вытерла слезы, она была очень расстроена. Эльф на секунду задумался, и вдруг его лицо озарила улыбка. Он вскочил с места, расправил тонкие крылышки и взлетел под потолок.

– У меня есть идея! – радостно воскликнул маленький эльф. – Я знаю, что делать!

Остальные эльфы удивленно захлопали ресницами. Они не знали, что задумал малыш, но в их глазах засверкали искорки надежды. Маленький эльф спустился к ним, все остальные собрались вокруг. Он что-то шептал, размахивал руками, и эльфы радостно кивали головками. Идея малыша им очень понравилась, и они решили сразу взяться за дело.

Успокоив Снегурочку, эльфы один за другим вылетели из домика. Каждый из них держал в руках маленький сундучок, который есть у каждого эльфа. Обычно в них хранят разные сокровища. Но на этот раз все сундучки были пусты. Эльфы поднялись над крышей домика и полетели в сторону ближайшего города. Колючий снег летел им в лица, холодный ветер трепал тонкие крылышки. Но храбрые эльфы не сдавались! Они неслись изо всех сил, кутаясь в свои кафтанчики и крепко прижимая к груди сундучки.



Вскоре они добрались до города. До Нового года оставалось совсем немного, и утренники в детских садах и школах были в самом разгаре. Эльфы собрались в круг, немного о чем-то пошептались и разлетелись в разные стороны. Целый день они носились по улицам, прислушиваясь к звукам города. Они незаметно залетали в открытые форточки нарядных актовых залов. И тихонько прятались среди еловых ветвей, ярких игрушек и мерцающих гирлянд. Дети хором звали Деда Мороза, рассказывали стихи, пели песни и весело смеялись. А эльфы открывали свои волшебные сундучки, собирали эхо звонких детских голосов и спешили дальше.

Когда все сундучки были полны, эльфы отправились в обратный путь. Снегурочка ждала их дома. Она очень волновалась, но все-таки надеялась, что у них все получится. Вскоре дружная стайка эльфов влетела в дом. Они неслись над землей всю ночь и очень устали, но были ужасно горды собой! Эльфы расставили свои сундучки вокруг кровати спящего Деда Мороза. Он что-то бормотал во сне и сладко посапывал, даже не подозревая, что новогодний праздник оказался под угрозой. Дрожа от нетерпения, эльфы открыли свои волшебные сундучки. И в ту же секунду комната заполнилась звонкими детскими голосами! Из сундучков посыпались стихи и песни, радостные возгласы и задорный смех. Голоса звенели хором и порознь, словно сотни маленьких колокольчиков.

Дед Мороз улыбнулся сквозь сон, заворочался, приоткрыл глаза и… вскочил с кровати!

– Что происходит? – спросил старый волшебник, удивленно озираясь вокруг. – Ура! Ура! – закричали радостные эльфы. – Получилось! Он проснулся! Снегурочка звонко смеялась, глядя на их забавные личики. Она была очень счастлива. Когда веселье поутихло, Снегурочка рассказала Деду Морозу всю историю: и о сломанном будильнике, и об идее маленького эльфа, и о смелом поступке всей дружной компании. А потом они принялись за дело. До новогодней ночи оставалось совсем мало времени, а сделать нужно было еще так много! Через три дня наступил Новый год. Старый добрый волшебник Дед Мороз, как обычно, посетил все дома, где его ждали. И под каждой елочкой оставил свой чудесный подарок. А волшебный будильник он, конечно, починил. И принес домой целый мешок эха детских голосов, собранных по всей земле. На всякий случай.

*По материалам интернета*



Наталя Мусаева ккола Дагъистаналда ва гьединго художественныяб дунялалда гIезегIанго машгьураб Мусаевазул тухумалъул гIадан. Гьезул щивасул бухьен буго мугIрузул краялъул изобразительнияб искусствоялдехун. Гьединго Н. Мусаева машгьурай йиго искусство лъазабулей гIадан гьеб лъазабиялъул гIелмияй кандидат, хIурматияй специалист хIисабалда. Гьелъул къалмикьа арал хIалтIаби – хатIалъухъ балагьун ратIа рахъизеги лъала.



*Мусаевал. 2015 с.*

# Наталья Мусаева: ТВОРЧЕСТВОЯЛЪУЛ РЕКЪОН ккей...

**БАЙБИХЬИ**

Искусствоялда жаниб жиндир байбихьи кинаб букIараб абураб суалалъе гьелъ ургъун жаваб кьола ва абуна жинда ракIалде кколеб букIинчIила творчество лъазабиялъул нухда гIемерал захIмалъаби дандчIвазе ратилилан. Гьелъ эбел-инсуе баркала кьолеб буго жиндилъ тIабигIаталъ лъураб гьунар рагьиялъе ва цебетIезабиялъе кумек гьабуралъухъ. Гьединго гьелъ гIемераб бицуна рикIкIада хутIараб лъимерлъиялъул ва гIолохъанлъиялъул.

Цогидаб рахъалъан босани Наталья Федоровна кколей йиго гIурусазул цIакъго цебесеб тухумалъул гIаданги. Гьелъул эмен, Фёдор Павлович Евдокимов вукIана рагъулав офицер. КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун хадуб, лъади Юлия Сергеевнагун, гIемер батIи-батIиял бакIазда гIумру гьабизеги ккун буго гьес. КватIун йикIаниги гьезие гьаюн йиго яс, гIумру гьабун Нижний Новгородалда рукIаго. Лъадиги росги гьел кIиялго рукIана Волга гIурул мухъалдаса гIадамал.

Гьелъул кIудадал эмен, Иван Правдин вукIун вуго рухIанияв хъулухъалъул чи.

– Амма гьев щайтIаналъ мекъи ккезавун вуго, – абун махсаро гьабуна Наталья Фёдоровналъ,– ячун йиго цыганай, цинги киласалдаса ва жиндирго ишалдаса ватIа гьавун вуго.

Эбелалъул рахъалъан, кIодоэбел Анна Дубашевалъулин абуни къисмат батIияб буго. Советияб власталь гьелъие кьуна Ленинил ва ЗахIматалъул БагIараб байрахъ орденал. Живго тIолгосоюзалъул староста Калининица рана гьел шапакъатал карандаги.

– Рагъ лъугIун хадур Таганрогалде ккараб гьезул хъизаналъе рес щун буго шагьар бакьулъ гIумру гьабизе, – абун бицана Наталья Фёдоровналъ. Эмен хIалтIулев вукIана партиялъул шагьаралъул комитеталда, эбелалъ институталда ингилис мацI малъулаан. Гьезул букIана кIудияб библиотека.

Байбихьуда гьел лъугьун рукIана дун макъназдe машгъуллъизайизе, хадуб гьезда бихьана дир гъира суратал рахъиялде букIин ва художественияб школалде кьуна. Таганрогалда доб заманалда цо гIажаибаб цIайи букIана рухIияб культураялдехун. Чеховасул ва Фаина Раневскаялъул ватIан хIисабалдаги, гьеб рикIкIунаан культурияб интеллигенциялъул шагьарлъун. Дунги гьединаб сверухълъиялда ва ахIвал-хIалалда гIолей йикIана.



*Россиялъул художествоялъул академиялда З. К. Церетели ва П. Б. Мусаев*

## ИСКУССТВО ЛЪАЗАБИЯЛЪУЛ УНИВЕРСИТЕТАЛ…

Заман щведал, инсул амруялда рекъон, Наталья цIализе лъугьуней йикIана Москваялъул университеталъул тарихияб факультеталъул искусство лъазабиялъулаб отделениялде. Амма жо ккечIо, конкурсалъ йорчIичIо ва гьеб мехалда хъизаналъул хIукму ккана Таганрогалъул суратазул галлереялда хIалтIизе лъугьине. Гьеле гьенир щвана Натальяе экскурссиялъул тIоцересел хIалбихьиял ва лъана жиндаго тIад хIалтIизеги. Хадусеб соналъин абуни цIализе лъугьана Ленинградалъул, И. Репинил цIаралда бугеб, суратазул, скульптураялъул ва архитектураялъул Академическияб институталъул, искусствоялъул тарих лъазабиялъул факультеталде.

– АнцIила щуго чи восулеб бакIалда, гьенире лъугьине бокьаразул къадар цIикIкIана ва щибаб бакIалде, кIикъогоялдаса цIикIкIун чи вукIана. – Дун заочно цIализе лъугьана ва лъагIалидасан, лъикIал къиматазда сессияги кьун, ячIана очниялде. Лъабабилеб курсалда лъай-хъвай ккана ГIабдулзагьир Мусаевасулгун. Вихьаравго рекIее гIуна гьев гIолохъанчи дие. Гьев вукIана чIурканго ретIа-къарав, къамартIав ва цIализе хIаракатав студент. Гьес ретIун бугоан клещ ва гьелъ бихьизабулеб букIана лъидаго бачIеб эркенаб балагьиялъул ва вукIа-вахъиналъул гIолилав вугеблъи. Цо нухалда гьес лекциялда рукIаго бахъана гьелъул квералъул сурат ва гьеб Натальяе рекIее гIуна. Гьединаб цо сураталдасанлъидалха байбихьун букIараб гьелъул художественияб творчествоги.

– Щибха гьениб бицинеб, – абун гьимана гьей, – къисмат букIун буго гьединаб.

Щибха гьелда гьесул хIакъалъулъ лъалебгIаги букIараб? Лъалаан гьев Дагъистаналдаса вукIин. Амма цоцаздехун рекIел цIай гьезул хехго загьирлъана. Рокъоб гьелъ хабар гьабидал инсуцаги абуна: «Щибха гьабилеб, миллатал журараб хъизанлъидал нилъер бугеб» абун. Гьеб мехалда ккана вокьарасе ине хIукмуги.

Гьираялда ракIалде щвезарулел руго гьелъ росасул эбел-эмен – Базгиит Арслангереевич ва Умразият ГIамирхановна. Унго-унгояб къагIидаялда, гьаризеги рачIун, лъикIаб бертинги гьабун ячун йиго гьей Ленинградалдаса Хасавюрталде.

– РакIалда буго «советияв» дибирас, магьари лъелалде цебе, ригьин гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство тIалаб гьабураб куц, – абун гьимана гьей.

РикIкIадаб мугIрузул ракьалда ГIабдулзагьирил гIагарлъиялъ хисун руго гьелъие эбел-эменги, кьун буго рокьиги хинлъиги ва гьелда гьеб кIочонебги гьечIо.

Хадур гьел цIали лъугIизабизе Ленинградалде тIадруссана ва гIумру лъугьана аваданаб. ГIолохъанав дагъистанияв вукIана вузалъул комсомолалъул секретарьлъун, гьесие щолаан ленинилаб стипендияги. ГIолохъанай лъадуцаги жигар бахъулаан гьесдаса нахъе ккечIого йикIине.

ЦIалул сонал гьез рикIкIунел руго талихIаллъун. ЦIали лъугIидал ГIабдулзагьирие рес щвана академик А. А. Мельниковасул художественнияб мастерскаялда хIалтIизе. Натальяги цIализе лъугьана аспирантураялде. I983 сон ккана гьезул гIумруялда цIияб рахъалде гали тIамулеблъун. Гьел кIиялго ахIана хIалтIизе Дагъпединституталде ва гьенир гьел кидагоялъе парахалъана.

– Доб мехалда нижер кодов вукIана тIоцевесев вас Тимур. Хадуй нижее гьаюна яс Марьямги. АнцIго соналъ общежитиялда жаниб гIумру гьабизе кканиги, кIудияб къварилъи нижее букIинчIо. I985 соналъ дица цIунана кандидатлъиялде диссертация. Бокьун букIана жеги гIезе, лъикIай специалистлъун яхъине.

## ХИСУНККЕЙ…

– Дагъистан дир пикруялъулаб бакIлъун лъугьана. Щаяли лъаларо дун гьалдехун кутакалда гIагарлъана. Гьалъги дун жиндехунго цIана, къабуллъана бечедаб тIабигIатги, магIарулазул гIадаталги, харабазул гIакълуги, – ян абуна Наталья Фёдоровналъ. – Киналдехунго бижана хасаб балагьи. Худграфалда хIалтIулел рукIана хIикматал, лъай бугел ва жидер къадру цIикIкIарал специалистал.

Изобразительнияб искусствоялъул тарих студентазда малъулаго, Наталья Мусаеваль хIаракат бахъула дунялалда ругел лъикIаздаса-лъикIал хIалтIабазулгун гьезул лъай-хъвай гьабизе. БатIи-батIияб заманаялда гьелъ кьолаан философия, этика, эстетика, хIалтIана культурологияльул кафедраялда ва хадуб гьелъие нухмалъиги гьабуна.

20I7 соналъ Н. Мусаева лъугьана худграфалъул живописалъул кафедраялъул членлъун. Искусствовед хIисабалда, кьуна изобразительнияб искусствоялъул, дунялалъул художественнияб культураялъул, музей лъазабиялъул ва гьезде гIагарал цогидалги дарсал… Гьелъ хъварал методическиял пособиял рикIкIине бегьула лъикIал гIелмиял хIалтIабилъун, щайгурелъул гьезда жаниб букIуна рагьун лъураб художественнияб культураги искусствоги. Кутакалда хIалтIизе бокьулей специалист йикIиналъ щибгIаги гьоркьоб биччачIого кьола гьелъ искусствоялъе характеристикаги.

**КУТАКАЙ ИСКУССТВО ЛЪАЗАБУЛЕЙ…**

Наталья Мусаева рикIкIине бегьула искусствоялъул рахъалъ тIолгороссиялда кIудияй экспертлъун. Гьей ккола Россиялъул художественнияб Академиялъул хIурматияй членги, РДялъул мустахIикъай хIаракатчIужуги, дагъистаналда машгьурай искусство лъазабиялъул специалистги.

– Дуда талихIайилан абизе бегьулищ? – абун гьикъана дица ахиралдаги Наталья Фёдоровналда.

– Дудаго кин кколеб? – абун гьимана гьейги. – Дир буго бокьулеб хIалтIиги, гIолеб буго лъималазул ункъо лъимерги. Яс Марьям ккола тохтур – кардиолог, вас Тимурица лъугIизабуна ДГПУялъул худграф ва цIунана диссертация. Гьеб талихI гуродай!

Кинха гьелда тIад рекъеларел?

**ГIАЙШАТ ТАЖУДИНОВА**

# РЕКIЕЕ БОКЬУЛЕБ ХIАЛТИ

**РикIкIада букIаниги Хивалде, хехгого, заман араблъигицин лъачIого, щун ратана. Югалъулаб Дагъистаналъул берцинаб тIабигIаталъ паналъизаруна ниж. ТIабигIатги кибго, мацIалго гIадин, цоцазда рельлъинчIеб буго Дагъистаналда. Хив районалъул бечедаб культураялъул хIакъалъулъ нижее бицана районалъул администрациялъул культураялъул, спорталъул, гIолилазулаб политикаялъул ва туризмалъул Управлениялъул начальник Казбек Зайнудинович Казиевас.**

Гьес нижее къокъго ва якъинго бицана жиндирго хIалтIи-пишаялъулги , районалда гьел рахъазда бугеб хIалалъулги. Нижерин абуни рукIана гьесие кьезе, цереккунго хIадур гьарурал суалал. Гьезул хIажалъи гара-чIварулаго ккечIо, амма рижана цогидал суалал …

РакI рагьун кIалъалев чи вугоан Казбек Казиев. Махсаро-хочI гIемерав, гIадамазулгун хабар рекъезабизе бажарулев гьесухъан, артистасул ишги жеги лъикI бажаризе букIун батила. Унго-унгояв артист вугизеги вугоан Казбек. Гьелда гIажаиблъи гьабизе жоги батичIо, гьев гьавун вуго артистал – макъназул устарзабазул хъизаналда. Инсуца ахIулеб букIун буго кечI, бокьараб инструменталда рачунел рукIанила бакъналги. Эбелалъул букIана кечI ахIизе махщел ва гьел камурал бертаби-сухIматалги росулъ рукIунароанила. Гьезул хъизаналда гIуна анцIго лъимер, щуго вас ва щуго яс, киназего щвана тIадегIанаб лъай ва щивасулъ бакънazде рокьиги буго.

Щуго соналъ цебе Казбек Зайнудиновичасда божилъи гьабун буго районалда бищунго захIматаб ва хIалтIи нахъе ккараб Управлениялъе нухмалъизе. Гьес саламатго цебетIезабун буго росабазул Культураялъул рукъзабазул хIалтIиги цогидал рахъалги. 20I9 соналдаса нахъе хIалтIулев вукIиналъ, гьесие щун буго лъикIаб хIалбихьи ва жиндирго иш гъваридго ва ракIчIун гьабулебги буго. Районалда киналго культуриял рукъзал гьес къачIан руго гIадамал разияб хIалалъ. Жиндиего гьабулеб гIадин, ракI унтун тIубазабулеб буго пачалихъалъе гьабулеб хIалтIи.

– Гьаниве начальниклъун ккедал, дун виххизавуна гьениб батараб бичча-бихьан теялъ. Культураялъул рукъзалилан абулеб хIалалдаги гьечIоан гьел. Я кабинетал хутIун ратичIо, я инвентар букIинчIо тун, букIинчIо хинлъиги-канлъиги, тIохал рукIана чвахулел, къадал рукIана кьватI-кьватIун. Гьале, жакъа нилъ руго

унго-унгояб хIалалда къачIараб Культураялъул кIалгIаялда жанир. Гьаниб буго звукозаписалъул студия, режиссеразе мастерскаял ва цогидалги квегIенлъаби. ХIалтIухъабазе къачIан буго ункъо рукъ – кабинет. Кружокал гурелги гьаниб буго Халкъияб театрги, чIахIиязул ва гIисиназул творчествоялъулал коллективалги. Босун буго гьезие ретIел-къайги, бакънazул инструменталги. СДКаялъул залалда жаниб гьарун руго квегIенлъаби, – ян чIухIигун бицана Казбек Казиевас.

– Гьанже заманаялъ тIалаб гьабулеб буго библиотекабазул, музеязул хIалтIи батIияб, цIияб къагIидаялда гIуцIизе, концертазул ва театралъул хIаракатчилъи цебетIезабизе, халкъалъулаб гIадатияб культура цIилъизабизе, культурияб бакIал цIигьарун къачIазе, – янги бицана Казбек Казиевас. Хив районалда «Культурияб среда» абураб программа гIумруялде бахъинабиялъе бугеб гIемераб хIалтIиги бихьана нижеда. Киналго культурияб учреждениял цIигьарун къачIалел руго. Гьел соназда жанир, федералияб программабазда рекъон, кIиго росулъги къачIан руго культураялъул рукъзал. БакIалъулаб бюджеталъул хIисабалдасаги гьабун буго чанго росулъ гьел учреждениял цIилъизариялъе хIалтIаби. Хисун руго гордал-нуцIби, росун руго гордаригъал, къваригIараб ретIел, аппаратура, музыкалияб алатал ва цогидабги. Гьедин кинабниги къачIан буго I6 культураялъулаб рукъ. Гьебги бакъвараб статистика гурила, рекъон кколеб къагIидаялда цебе хIалтIиги лъун гьабун бугилан бицана Управлениялъул начальникас.

– Нижер лъикIаб бухьенги гьоркьоблъиги буго бакIалъул администрациязулгун. Гьезги киналго рахъазда квербакъула культура цебетIезабиялъе гьабулеб хIалтIулъ. Гьединго Культураялъул министр Зарема Бутаеваги министерствоги кидаго хIадураб букIуна къваригIарабщинаб чIезабизе. Гьединаб ахIвал-хIалалда хIалтIи гIуцIизе ресги ккун, Казбек Казиевасда ракIалда буго кIварабщинабги гьабун гIолохъаби росулъго чIолеб ва къватIире аралги нахъ руссунеб хIал лъугьинабизе. Гьев живгоги ДГПУги лъугIизабун гIагараб росулъе вуссун вуго. ХIалтIун вуго школалда мугIалимлъун, хадув директорлъун, вищун вуго чанцIулго райсобраниялъул депутатлъун, хадув тIамун вуго районалъул Лъай кьеялъул Управлениялъул начальниклъун. Кив таниги ракIбан ва жавабчилъиялда гьабун буго Казбек Казиевас хIалтIи.

**– ТIаде гIолеб гIелалъул гIаммаб цебетIеялъе щиб гьабизе кIолеб культураялъул хIалтIухъабазда?**

– Хив районалъул щибаб школалда ва росабалъ руго воркаут – площадкаби. ВФСК ГТО проект гIумруялде бахъинаби мурадалда районалда хIалтIулеб буго нормативал кьеялъе тестирование гьабиялъул Центр. Щибаб соналъ кIиго нухалда районалъул школазда гьоркьосел футболалъул ва волейболалъул къецал тIоритIула. Гьанже гьединал къецал гьарулел руго боксалъул ва эркенаб гугариялъул рахъаздаги. БачIунеб соналда нижеца къецал гьаризе руго ушу-сандаялъулги. Гьелде тIадеги, Россиялъул БахIарчи, нижер ракьцояв Эседула Абачевасул хIурматалда, гьев ракIалде щвезавиялъе гьарулел, армиялъулаб зарул рагъул, регионазда гьоркьосел къецалги рукIуна. Камуларо гIолилазда гьоркьоб ва гьезул хIаракаталдалъун тIубазабулеб волонтеразулаб ва цогидалги хIалтIабиги. ГIолилазул политикаялда хурхун нижеца гIемерал тадбирал гьаруна армиялда ругел ва СВОялда гIахьаллъизе ахIаразул рахъ ккун. РукIана автопробегалги, гуманитарияб кумекалъе жо бакIариги, солдатазухъе кагътал хъвайги, пачалихъалъул байрахъалда ва символиказда хурхун тIоритIулел акциялги.

**– Районалда гIемерал тадбирал тIоритIулел руго, кинал гьел лъикIго ккарал рукIарал?**

– Унго-унгоги, тадбирал нижеца гIемерал гьарула. Руго районалъул «Гьаракь – лъимал» ва «Гьаракь – чIахIиял» абурал шоу–проекталги. Исана тIобитIана «Чирахъ – чаялъул макънал» абураб конкурс. Киналго церерахъинал нижер рукIуна чIагоял гьаркьалгун. Фонограммабазе гьениб бакI букIунаро. Районалда гIемерал тадбирал рукIуна творчествоялъулал гIадамазе кумекалъе ва машгьурлъизариялъе тIоритIулелги.

Жалго ругьунлъарал артистал гIахьаллъула республикаялъулал ва бакIалъулал «Культура ва ниж» «Культураялъул рукъ – цIияб формат», «Дагъистаналъул рухI», «МагIарулал», «Халкъиял промыслабазул фестиваль» абурал ва цогидалги халгьариязда, конкурсазда, фестивалазда. Руго гьединал тадбиразда щварал ХIурматиял Грамотабиги, Дипломалги, Баркалаялъул кагъталги.

**– Сундаса ва лъидаса чIухIулеб жакъа Хив район?**

– Нижер гIемерал руго пагьму–гьунаралъул гIадамал. Гьел ккола жидерго ракьги бокьулел, гьунарги цIикIкIарал чагIи. Дагьал гьечIо культураялда хIалтIун машгьурлъаралги. Мисалалъе, РДялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, Кандак росдал СДКаялъул директор Рамазан Бабаев, Ляхлаялдаса СДКаялъул директор Фирудин Маллаев, Куштилалъул библиотекаялъул заведующий ТIагьир Агабаев. Гьединал гIемерал рехсезе бегьула, бакънazул устарзаби, кочIохъаби, актерал, спортсменал. ЦохIо культураялда гурелги руго мустахIикъал ва район машгьурлъизабулел гьунарчагIи.

**– Мун гIемерав щолев ватила культураялъул учреждениязде ва гьенир хIалтIулел гIадамалги**

**лъалел ратила. Кинаб хIажалъи дуда гьеб хьвадиялъулъ бихьулеб, къваригIун букIунищ гьеб?**

– БакIазде щвеялъул ва хъаравуллъи букIинабиялъул хIажалъи кIудияб буго. Щайгурелъул кагътида хъварабщинаб жо битIарабги батуларо. Гьединлъидал дида бихьизе ккола бугеб ахIвал-хIалги, гьабулеб хIалтIиги. Нухмалъулев вукIине ккола хIалтIи гIуцIизе бажари гуребги, гIадамал ричIчIулев психологлъунги. Лъазе ккола гIадамазухъ гIенеккизе, гьезие къваригIараб жо бичIчIизе. Мисалалъе, киналго концертазул программаби тастикъ гьарула дица. ЦIалула киналго сценариялги.

**– Мисалиявлъун ватиялъе нухмалъулев вукIине ккола лъикIав гIаданлъунги, хъизаналда гIадлу букIинабулевлъунги. Нижеца журналалда гIемераб хъвала лъикIал хъизаназул хIакъалъулъ. Дур хъизан кинаб бугеб?**

– Хъизан-ккола гIадамазул бищунго кIудияб хазина. КватIичIого къоло щуго сон уна дица хъизан гьабуралдаса. Дир лъади Зайдат ккола профессионалияй юкъарухъан ва диргун пикруги балагьиги данде кколей гьалмагъ. Гьелъ букъула ретIел нижер ансамблязеги. Нижер буго ункъо лъимер, васал. КIигоял кIудиял цIалулел руго Пятигорскаялда. Цояс лъугIизабулеб буго нухмалъиялъул ТIадегIанаб школа. КIиабилев вукIине вуго юрист. ГьитIинал жеги школалда цIалулел руго. Киналго лъимал ккола культураялъул хIаракичагIиги. Нижер фамилия районалда лъала.

**– Щиб гьабизе кколеб росабалъ ругел культураялъул учреждениял культуриял централлъун лъугьинариялъе ва щиб гьабизе нужехъа бажарараб?**

– Гьелъие хIажалъула культураялъул хIалтIухъабазул кIудияб хIаракатчилъиги, жидеда сверухъ гIадамал ракIаризе бажариги. Дун районалда киназдаго гьединавлъун лъала. Щайгурелъул дица хIаракат бахъула кинабго цебехун букIараб культура цIунизе, цIигьабизе ва цебетIезабизе. Гьелъие цохIо гьунар гуребги къваригIуна, бажаризе ккола нилъго гIадинал гIадамал ралагьизе ва ракIаризе.

**– Щиб бугеб ракIалда хадубккун гьабизе?**

– ракIалда гIемераб жо буго. Кинабго бицун бахъинаро. Аслияб масъала буго культураялъул учреждениязде гIадамал цIай. Разе руго цIиял культураялъул рукъзал, туристазулал ва спортивиял бакIал, гIатIид гьабизе буго гьезул материалияб кьучI, гIахьаллъизе руго батIи – батIиял программабазулъги проектазулъги.

**Виолетта РАТЕНКОВА**






# РОСДАЛ ШКОЛА – ККОЛА ХАСАБ ДУНЯЛ



МагIарухъе командировкаялъ ниж гъираялда уна. Гьелъ рес кьола мугIрузул тIабигIат – гIидрадул мугIрул, гIаздалал тIогьал рихьизе, тIадагьаб ва бацIцIадаб гьава цIазе, берцинал тIугьдузул махIал сунтIизе. Амма кинабгIаги тIабигIаталъул берцинлъи бащалъуларо гьениб гIумру гьабулел гIадамазулалда. Гьел руго ракIгIатIидал, гIамал берцинал, таваккалал ва рухIияб рахъалъ бечедал. БатIалъиги гьечIо магIарулав фермер, тохтур, учитель, тракторист ватаниги. Киналго руго тIабигIат – гIамал берцинал ва хIурматалъе мустахIикъал чагIи. Гьединалги, къохIехьарал ва къвакIаралллъунги гьенир гIадамал лъугьинарула жибго тIабигIаталъ ва гIумруялъ…

Гьанжесалалъ ниж щвана Хунзахъ тIалъиялъул ГIобода росулъе, гьениб миллияб проекталда рекъон бараб берцинаб ва квегIенаб школалъул ва гьелъул директор ПатIимат МухIамадовна ХIабибовалъул хIакъалъулъ хъвазе.

ПатIимат ккола педагогазул тухумалда гIурай гIадан. Гьелъул кIудада ГъазимухIамад Зайналов вукIана советияб властalъул байбихьул соназда Буйнахъскаялда педкурсалги лъугIун лъайкьеялда хIалтIарав чи. Заман мискинаб ва захIматаб букIана. Досда гIемераб ракIалде щолаан, кагъатги щоларого газеталъул рагIаллъабазда хъвадарун, гIадамал гьелъие ругьун гьарулел рукIараб заман. Амма киназдаго бичIчIулаан гIаммаб къагIидаялда гIадамал хъвай – цIалиялъе ругьун гьаризе кколеблъи. ГIобода росулъ тIоцебесеб школаги гьелъул кIудадаца рагьараб букIана. Исана, долдасан нусго сон иналде данде ккана цIияб, нилъер заманалъулаб школа гьениб рагьиги. ПатIиматида ракIалде щвана кIудадае киналго лъимал, ункъайго ясги васги, цIализе ва мугIалималллъун рахьине бокьун букIараблъи. Гьесие бокьухъе ккезеги ккун буго. Долдаса хадур гIемерал рахьун руго гьезул мугIалимал ва имгIал МухIамад Зайналовас нухмалъи гьабун буго районалъул лъайкьеялъул отделалъеги школалъеги. Гьелъул эбелги йикIун йиго байбихьул классазул мугIалим.

Советияб заманаялда, мискинал хъизаназул лъимал цIализаризе, райцентразда рагьун рукIана интерналги. БукIана гьединаб школа Хунзахъги. Ва ГIарани рагьун букIана ясазул интернат. Гьениб гIицIго гIаммаб лъай кьун течIого ясал куцалаан жигараб хIаракатчилъи гIумруялда бихьизабиялъеги, эркенаб пикру гьабизе ва гьелда рекъон гIумруги гьабизе. ПатIимат тIоцебесеб классалдасаго щуйилазда цIалулаан. Гьединлъидал школа лъугIизабуна медальгун, хадуб босана багIараб диплом. ЦIалул сонал рикIкIада хутIана. Амма интерналалда рукIарал гьалмагъзаби гьанжеги дандчIвала, ракIалде щвезаюла жидер хирияй мугIалим ГIапи ГъазиевнаНасухIова. Гьей гьезие йикIана мугIалимлъунги, эбеллъунги, яцлъунги, гьалмагълъунги. Гьезда ракIалдаса унел гьечIо мугIалимгун цадахъ жидеца гьарурал сапарал,

экскурсиял, бихьараб дунял, гьедин щулалъараб гьалмагълъи ва гIатIилъараб лъай-хвай.

Школа лъугIидал, I977 соналъ ПатIимат цIализе лъугьана désинституталъул физикияб гун-математическияб факультеталде. Хадуй хIалтIана мугIалимлъун Хунзахъ районалъул батIи-батIиял школазда. Цадахъго гIолеб букIана хъизанги – ХIабибоваз гIезабуна лъабго лъимер ва кIиго ясалъ тIаса бищана умумузулъго батараб, педагогазул иш. Гьанже ПатIиматида гьикъани хIалтIийищ хъизанищ цебесеб абун, гьелъие захIмалъизе букIана жаваб кьезе. Баркала ПатIиматил хъизаналъе ва гIагарлъиялъе, гьединаб масъала гьелда цебе чIезабун гьечIо. Росасда кидаго лъалаан лъадул жавабияб иш букIин ва гьеб хIисабалдеги босулаан. Росулъ школа букIуна киналъулго центрлъун ва мугIалимасул хIурматги гьениб борхалъуда ккола. Бокьараб заманаялда рачIине бегьула мугIалимасухъе къваригIелалъги, лъалареб гьикъизеги.

Жиндирго цIалдохъабазул бицунаго гьимулей йикIана ПатIимат: «Росдал школа – ккола хасаб дунял! Дида цере гьанже цIалулел руго дир тIоцересел цIалдохъабазул лъималазул лъимал. ЦIакъго кIвар кьечIониги бихьула васазул жидер инсуда ва ясазул жидерго улбузда бугеб релълъинги. ХIатта цересел умумуздаги релъуна чангиял. КIудияб гьечIониги, росу буго гьитIинабго дунял ва гьанибги камуларо кинабго: рокьи-кьалги, даран-базарги, гIакъилал харабиги, харбилал гьерсихъабиги…

Дие кIвар бугеб ишлъун ккола щивав цIалдохъанасе, цIалул программаялде тIадеги, гIатIидаб дунял цебечIезабиялъеги лъай кьей. ГьединлъиДал нижеца гьелгун гIемераб хIалтIи школа тун къватIибги гьабула. Баркала цIалдохъабазул умумузеги, дун гьание ячIаралдаса нахъе дие кумекалъе кидаго ратана эбел-эмен. Нижерги гьезулги мурад цоголъидалха бугеб – цIалдохъан школалдаса къватIиве ине ккола гIумруялде хIадурарав. ВахъинчIого вукIине бегьила гьев тохтурлъунги инженерлъунги, юристлъун яги программистлъунги, амма гьесда лъазе ккола лъикIабги квешабги батIа бахъизе, хIажатабги къваригIел гьечIебги, битIарабги мекъабги бихьизе. Гьеб буго нижер гIаммаб мурад.

Школалъул директорлъун ПатIимат МухIамадовна тана I998 соналъ ва гьеб гьелъухъе цIакъго захIматаб ва бичча-бихъан тараб хIалалда щвана. Заманги букIана захIматаб. ГIемерал хъизанал гочун шагьаралде унел рукIана, цIалдохъаби дагьлъана. Басрияб мина биххиялъул хIинкъи лъугьун букIана ва дарсал росдал мажгиталда кьезе кколаан. 202I соналъ гьеб школа босана «Лъай кьеялъул» миллияб программаялде гьоркьобе ва байбихьана базе цIияб корпус.

Исана тIоцебесеб сентябралъ, рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана гьеб цIияб школа. Гьанже дарсал кьола гвангъарал ва квегIенал кабинетазда жанир, рохун ва разиго руго цIалдохъабиги мугIалимзабиги. Буго школалда психологасул кабинетги, компьютералъул классалги, лабараториялги ва къваригIарабщинаб оборудованиеги. ЖанахIазда жаниргги лъун руго санагIатал диваналги бакIалги. Школалъул азбаралда буго футболалъул майдан ва ворк – аут площадка, гьабун буго рекерулеб нух, гIолеб буго гIурчинлъи, гIемерал руго гъутIбиги тIугьдулги. Бокьараб шагьаралъул школалда ругездаса къурал шартIал гьечIоан жакъа гьенир. ПатIимат МухIамадовналъги бицана гьанже тIолабго улкаялъе рихьизарурал гIаммал стандартал ругила лъай кьеялъул ишалда. Гьеб чара гьечIеб шартIги кколилан рикIкIунеб буго директоралъ. Гьединго гьанже хIадур гьарулел ругила цIалул гIаммал пlаналги ва гьелъ гIезегIанго бигьалъизабизе бугила мугIалимасе хIалтIи.

ПатIиматица тIадчIчIун лъазарулел руго лъай кьеялъул ишалда кколелщинал хиса-басиял. Гьелъ мухIканго бицана кинан ине ругел дарсал цIиял кабинетазда, кинал кружокал ва спорталъул хIаял гьенир гьаризе рес бугеб ва хадубги бицана гьанже дагь-дагькkун гIадамал магIарухъе руссунел ругила, цIилъулел ругила росабигун магIишатал. Гьелъухъ гIенеккидал, нижги роххана, гьединаб лъикIаб ахIвал-хIал магIарухъ лъугьунеб букIиналъ. ПатIиматица бицун, лъана щибаб мегIералъул жиндирго тарих ва щибаб лъарал хIакъалъулъ халкъияб бицен бугеблъиги. Ахираб заманаялда районалъул тIалъиялъ ва жалго гIадамаз гIемераб хIалтIи гьабун буго росабалъ рацIцIа-ракъалъи гьабиялъе ва гIадлу букIинабиялъе. ГIемераб чIчIун буго гъветI-хер, къачIан руго басриял школал ва цогидалги учреждениял, ран руго гостиницаби, гIадамаз жидерго некIсиял минабахъе ричч алел руго туристал, гьезиеги бокьулеб буго магIарул росдал гIумру бихьун лъазе.

***Къо-мех лъикI гьабулаго нижеца ПатIиматие ва гьелъул гъункараб коллективалъе гьарана жеги тIадеги бергьенлъаби. Нижеда бихьун бичIчIана гьеб школалда тарбия-лъай кьеялъул хIал лъикIаб букIин, гьенир бажариги ишалде рокьиги бугел гIадамал хIалтIулел рукIинги.***

**Сульгият БУЛГАЕВА**



# ГІАДАТАЛ ЦІУНАРАБ БАКІАЛДА



Дун журналистикаялда цIияй гIадан гуро, гIемерал рукIана рикIкIадал ва гIагардисел сапаралги. Щибаб сапаралда лъала цIиял гIадамал, рихьула цIиял бакIал, рижула цIиял пикраби ва гьез кумек гьабула гIумру лъикI лъазе, гъваридго бичIчIизе. Сапаралъ щвечIел бакIазул цояб кколаан Хайдакъ район. Ахирги рес ккана гьение щвезеги, лъикIал гIадамал лъазеги.

Ниж унел рукIана райцентр Маджалисалдаса I2 километраялъ рикIкIада бугеб лъарагIазул некIсияб росу Янгъикенталъул ясли-ахалъул заведующая Саитханум ГIабдулкеримовалъухъе. Нух гьенибе гIезегIанго берцинаб, тIабигIаталъ сверун ккураб, бугоан. Рихьулаан мугIрулги, рохьалги. Машинаялъул гордухъан ялагьун гьеб киналдасаго гIорцIуларого йикIана дун. Хадуб батана гвендал лъугьараб квешаб нух ва гьелъ дагьабго лъикIаб гуреб асарги лъугьинабуна. Машинаялда гурел, гьакида рекIун унел ругилан кколаан мех-мехалда. Нух Янгъикенталде, къокъго абуни, беццизесеб хIалалда гьечIоан.

Ясли-ахикье щведал гьеб нухги мехги кIочон тана. Гьенир кIалтIа нижехъ ралагьун ратана жийго заведующаяги коллективги. КватIизе течIого бачIана гьез, бакIазда ругьунаб, тIагIамаб квен-тIехги ва хинаб ахIвал-хIалги лъугьана, хабарги байбихьана.

I978 соналъ Буйнахъскаялда педучилищеги лъугIизабун, дун йитIана МахIачхъалаялъул цо ясли-ахикь хIалтIизе, – абун байбихьана Саитханум ХIайдарбековналъ. – Амма, эбел зах1матго унтана, гьелъие тIалаб къваригIана, дунги росулъе т1адюссана. Добго соналъ Дагъпединститутальул школалда цебесеб факультеталде заочно цIализеги лъугьана. I975 соналъ нижее гьаниб бана ясли-ах ва дун лъугьана гьение методисткалъун хIалтIизе. 90 абилел соназул байбихьуда гьаниб букIана росдал жамагIаталъул данделъи, гьений  дун йищана ясли-ахалъе нухмалъи гьабизе. БитIараб бицани, абизег1анасеб гъира дир гьелъие букIинчIо, дирго лъималазе ва хъизаналъе кьолаан заман. Амма гIадамаз гьарана ва дунги разилъана гьезул гьари ритIухъ гьабизе.

Хадуб тIаде бачIана захIматаб заман, байбихьана бакIазда ясли-ахал къазе. Ирга нижедеги щвана. Доб заманалда ниж рукIана колхозалъ хьезарун. Гьеб биххана, нижги лъицаго т1аде росулел рукIинчIо. Дун цIакъ гIемерай хьвадизе ккана Маджалисалде, гьардезе ккана хIакимзабазда. Гьедин цIунизе кIвана дида гьаб ясли-

ах. Районалдаго хутІараб цох1о нижер гьеб букІана.

**– Сеитханум ХІайдарбековна, шагьаразда эбел-эмен сонаца рукІуна ясли-ахикь лъимадуе бакІ щоларого. Гьаниб кинаб хІалха бугеб?**

– Нижехъ гьединаб къварилъи букІунаро. Нижер учреждениялда буго 35 лъимадуе бакІ. ГьабсагІаталда гьаниб буго 39 лъимер. Бищун гьитІиналъул буго кІиго, кІудиялъул анкьго сон. Сонازда рекъараб букІуна гьезда малъулебги, кьолеб тарбияги. ГІемерал гІолохъанал хъизанал, нижер росулъа, Сибиралда гІумру-яшав гьабизе ун руго, росулъ хутІаразе гьаниб бакІ гьабизе ресги буго.

**– Мун ясли-ахикь хІалтІун йиго 45 соналъ. Гьеб ккола кІудияб хІалбихьи. Дуда кин бихьулеб, шагьаралъулги росдалги ясли-ахазда гьоркьоб кинаб батІалъи бугеб?**

– Аслияб батІалъи гьениб шартІазул рахъалъ батила. Гьаниб, щиб бицаниги, шагьаралда гІадин букІунаро, киналго хІалтІаби коллективалъул ва эбел-инсул кумекалдалъун гьаризе ккола. Цоги нижер бугеб батІалъи. Янгъикент буго цох1о миллаталъул гІадамазул росу. Гьаниб мацІги цохІо буго. Амма, гьаб рахьдалаб мацІалда тІахьал гІолел гІечІо.

Цебе нижер букІана ферма. Нижеца лъимал гьенире рачунаан, гьенир гІачи речІчІулеб, кваназарулеб къагІида ва магІишат бихьизе. Цониги гьоркьоб биччалеб букІинчІо оцбаялъул байрам. Лъималазда лъалаан хурзал кин рекьулел, ролъ кин хьалеб ва гьединаб къагІидаялда кьолаан гьитІичазе захІматалъулаб тарбия.

Нижеца лъималазе гІемераб бицуна нижерго гІадатазул ва цебесеб гІумруялъул хІакъалъулъ. Бихьизабула кин цебе кинидялда жаниб лъимер бущунеб ва хьихьулеб букІарабали ва цогидалги гьанже кІочон толел гІадатал. АхІула гьезие кинидахъ кучІдул, рицуна маргьаби. ГьитІинал рукІаниги гьезие гьединаб хабарги бокьула ва кІвар кьун гІенеккула.

**– Лъимал рукІуна батІи-батІияб тІабигІат-гІамалалъул. Кин гьезулгун нужеца гІаммаб мацІ батулеб?**

– Унго-унгоги батІи-батІиял руго тІабигІат-гІамалалъ киналго лъимал ва киналго гуро гьел щвезаруна. Гьез абулеб буго цІияб ясли-ах базе гьелъие гІурал лъимал нижер гьечІилан, амма къачІазе рагІи кьун бугоха. Бугеб санагІаталдаса пайдаги босун бокьун буго баркала загьир гьабизе нижер росдал бетІер Пашабек ГІалиевич Мутаевасе. Гьев вуго нижер аслияв кумекчи.

**– Бокьилаан, гІицІго хІалтІул гуребги, дурго г1умруялъул, хъизаналъул хІакъалъулъги бицанани.**



бигьаялги рукІунел. Щивасдехун батизе ккола нух ва гьелъие къваригІуна тарбиячагІазул хІалбихьи. Ниж лъималазде киданиги семуларо, рагъуларо. Квешаб жо гьез гьабуни батІаго бадиб абула гьеб лъикІ гьечІилан. Гьанирги лъимал рукІине ккола рокьор гІадин. Нижер гьаниб буго лъикІаб коллектив ва умумузул комитет. Гьел гІемер дандчІвала, цоцазе кумекалъе ратула, квешабги лъикІабги гьоркьоб лъола.

**– Мунги коллективги лъикІ хІалтІулел ругин рагІана. РачІунел ратила нужер хІалтІуе къимат кьезе районалдаса хІакимзабиги. Гьезда бихьулеб гьечІодай гьаб бащдаб гІасру балеб мина къачІазе заман щун букІин?**

– Араб соналъго гьаруна гьелъие документалги ва районалде

– Нижер хъизаналда рукІана ункъо яцги кІиго вацги. Эмен Гьайирбек гІияда ва колхозалъул цІолбол ахикь хІалтІулев вукІунаан. Гьев нижее хехго камуна ва кинабго бегана эбелалде тІаде. Нижее киназего щвана тІадегІанаб лъай. Мунагьал чураяв дир инсуца кидаялиго росуцоясе рагІи кьун букІун буго гІедал дун гьесул вас Камилие кьезе… Ниж данделъизегІан гьев живгоги хутІичІо…

АнцІго сон буго Камилицаги дунял таралдаса. Нижер руго ункъоял ясал, гьел киналго руго ригьнаде руссун, гІолел руго гьезулги лъимал. Гьединлъидал, хъизаналъул ургъел камунги, гьай-гьай, дун хутІуларо.

**Паху ХІАЙБУЛАЕВА**



Нижеца журналалда гIемерал рахъула жидер гIумрудулъ аслияблъун гIелмияб иш букIунел руччабазул хIакъалъулъ макъалаби. Гьединазда гьоркьоре уна батIи-батIиял рахъазул гIалимзаби: теоретикалги, практикалги, кумекалъулал рахъаздаса специалисталги. Жакъа бицен гьабулеб буго Аида МахIмудовна Эседовалъул хIакъалъулъ. Гьелъул х1акъалъулъ гIицIго гIелмияб рахъалъ гуребги хъвазе бегьила. Щайгурелъул цIикIкIарасеб хIаракатчилъи гьелъул буго лъайкьеялда хурхараб.

# КИДАГО ЦЕРЕХУН!

ТIадегIанаб цIалул заведениялъул кафедраялъе нухмалъи гьаби рикIкIуна лъай кьеялде гIагараб ишлъун. Гьелъ абула тIоцереселго дарсазда бихьулила кинал студентал гIелмияб цIех-рехалъул ишалда гIахьал гьаризе бегьулел, кинал гьелъие хIадурал гьечIелали. Гьединаб ишалъе къваригIунила гъваридаб хIадурлъиги, гьираги, бажариги жидеда бугел. РукIанила сонал студентал гIелмияб рахъалде руссинаризе кинго бажаруларелги. БукIинчIила гьединаб ишалъе гIураб материалияб кьучIчIги, гIолеб букIинчIила гьелъие гIарацги. Гьанжейин абуни ахIвал-х1ал тIубанго хисанила, университетаздаги грантал хIалтIизарулила ва гьединаб хIалалда рес рекъолила гIолохъаби конкурсазда, форумазда, фестивалазда гIахьал гьаризе. Гьединго университетазда гьанже студентазда батулила рекIее бокьараб цIех-рех тIаса бищизе ва тIадчIун хIалтIизе, бизнес – планал хIадуризе, экономическиял хIисабал гьаризе кумек. Хабаралда Аида МахIмудовналъ бицана гьанжесел студентал I0 – I5 соналъ церехун рукIараздаса гIезегIанго батIиялги ругила. Жакъасезда лъалила жидее университеталда цIалун щвезе къваригIараб жо, гIицIго диплом гуреб, лъайги бугеблъи. Гьединлъидал гьезул гьираги хIаракатчилъиги гIезегIанго цIикIкIарабги букIунила ва тIалабалги гIемерлъулила. Жиндирго лъикIал студентазул хIакъалъулъ бицунелъул разияб гьимиги кунчIула Аида МахIмудовналъул гьурмада. «Дие кIудияб рохел лъугьуна лъикI цIалулел студенталгун хIалтIизе рес щвараб мехалда. Гьел киналго батIи-батIиял ругониги, цо гIамлъиги букIуна – лъаялде рокьи. Гьединаб мехалда жубазабун цадахъ бачине бегьула педагогикиябги гIелмиябги хIалтIи ва гьеб мехалда рагIула нилъер захIматалъ кьолеб бугеб лъикIаб хIасилги».

Жиндирго хIакъалъулъ бицунаго Аида МахIмудовналъ абуна гIумруялда чара гьечIеблъун бихьулила гьабулеб иш ракIалъ босараб букIине:

– Дун гIуна бусурбабазул ва гьединго христианазул байрамалги тадбиралги тIоритIулеб хъизаналда.

– Дир эмен МахIмуд АхIмадов вукIана Ахты районалъул Ялак росулъа, эбел Светлана ккола грузиялъул Джапаридзел тухумалдаса гIадан, гьез гIумру цебегоялдаса МахIачхъалаялда гьабулаан. Гьедин нижер хъизаналда киналго диназул хIурматги гьабулаан, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъиялъул ургъелги букIунароан, хабарги кколароан. Дица эбел – инсуе баркала кьола дие гьеб рахъалъ тараб эркенлъиялъухъ, – илан абуна гьелъ.

Нижер журналалда цебехун чанго нухалда бицен ккун букIана «щуйилазулал гIелазул» хIакъалъулъ. Жакъасей гьоболги ккола гьебго гIелаздаса цояй. Гьелъ лъикIал къиматазда лъугIизабуна МахIачхъалаялъул 39 абилеб школа ва багIараб дипломалда ДГУялъул

экономическияб факультетги. Гьениб «Планирование промышленности» абураб специальностги щун чанго соналъ хIалтIана статуправлениялда. Гьенир ракъварал хIисабкьеял гьарулей йикIинги чIалгIун Аида МахIмудовналъ къасд гьабуна жийго цеетIеялъе рес бугеб рахъ балагьизе. Бокьун букIана гIадамалгун хIалтIизе, гIелмияб ишалде тIаделъизе. Рес ккана политехническияб техникумалда дарсал кьезе ва гьей разилъана. Гьениб студенталги, педколлективги, конкурсал, конференциял ва цогидалги ишал рекIее гIуна ва жийго жиндаго тIад хIалтIизе ресги щвана.

– Гьеб мехалда бичIчIана дида дие чIагояб, гIадамазулгун гьабулеб хIалтIи рекъон кколеб букIин. Лъана гьелъ дунго цеетIеялъе кумек гьабизе бугеблъи. Лъай кьеялъул ишалда кидаго жидедаго тIад хIалтIичIого гIоларо ва цин гьениб хадуб университеталда дица диегоги балагьана тIадеги лъай.

ГIелмияб ишалде ккедал руччаби чанги тIуранго гьелде жанире ун цогидаб ишалъе заман батуларогоги рукIуна. Хъизаналъеги батуларо гьеб. Аида МахIмудовна абуни гIуна кIудияб ва гъункараб хъизаналда. Гьелъ жиндирго гIумруги гIуцIана эбел-инсулго мисалалда – хъизанги рукъги гьелъие буго щулияб мугъчIвайлъун, гьениб батула гьелда рекIее парахалъи.

– Рос Мурад Эседовасулгун дир лъай-хъвай гьабуна курсалда цадахъ цIалулев вукIарав васас. Рос вуго кидаго щиб бугониги жоялда тIад хIалтIулев, цIияб лъазе ва лъаралдаса пайда босун хIалбихьиял гьарулев, иш гьечIого киданиги вукIунарев чи. Нижеца гIумру тIамулеб буго кIиялго разияб хIалалда, гIезаруна кIиго яс ва вас. КIиязго цIунана гIелмиял кандидатлъиялъул ва хадубго докторлъиялъул диссертациял. Дир рос ккола медицинаялъулаб университеталъул кафедраялъул доцент. Дие 2015 соналъ щвана профессоралъул цIар. Руго нижер гьудул-гьалмагъзабиги, гьарула гьелгун ва гIагарлъи бакIарун данделъиялги. Гьебги ккола нижер хъизаналъул гIадатлъун. Нижеца кIодо гьарула киналго диниял байрамалги – КIалбиччанкъо, Къурбанкъо, Пасха, Рождество. Нижеда лъала БетIергьан цохIо вукIин, гьесие нилъ рокьулеллъиги ва гьесул рокьиялъе мустахIикъаллъун рукIине кколеллъиги.

Дагъистаналъул техническияб университелда Аида МахIмудовна хIалтIулей йиго 2001 соналдаса ва гьанже гьей ккола экономикияб кафедраялъул заведующая. Гьелъ хъван буго 200 ялдаса цIикIкIун гIелмияб хIалтIи ва 18 гIелмияб монографий. Гьелдасаги цIикIкIун хIалтIи гьелъ гьабулеб буго студентазулгун ва лъай кьеялъулаб ишалде кIварги цIикIкIараб буго. «Студентаз кидагIаги толаро тасамахIлъизе ва гьезда цадахъ рукIаго къойил нилъедаго тIад хIалтIичIогоги гIоларо. Гьединаб буго мугIалимлъиялъулаб иш».





Гьединго гьелъул кIудияб гIахьаллъи буго Республикаялъул экономикаялъул ва Дармилабгун – промышлениял министерствабаз хIадур гьарулел проектазулъги, нухмалъи гьабулеб буго гьелъ магIишатиял къотIабазул проектазеги, тIоритIулел руго гьединал ишазда хурхарал семинарал. Щибаб соналъ, гьелъул нухмалъиялда гъорк университеталда хIадур гьарун тIоритIулел руго Халкъазда гьоркьосел конференциял.

Аида МахIмудовналъ гIемераб бицана студентазе грантал щвеялъе гIуцIулел планазул ва гьеб хIалтIул кколеб лъикIаб хIасилалъул. «Нижер университеталда студентазе рес кьола бокьарал проектазда гIахьаллъизе, гьел ишазулъги дица гьезие кумек гьабула. Конкурсазда ва олимпиадабазда бергьарал сдудентазе материалияб рахъалъги гьабуна кумек. Рахъ ккола кинабго гьезул хIаракатчилъиялъулги. Гьаниб дагьабго бицине бокьилаан нижер гIолохъанав ректор Баламирзаев Назим Леодиновичасул хIакъалъулъги. Гьев живго вукIана нижер студентлъун, гьанивго гIуна гIалимчилъунги вахъана профессорлъунги. Гьединлъидал гьесда лъикI лъала коллективги вузалъул бугеб хIалги ва нухмалъизе бажариги гьесулъ буго.

ГIелмияб ва лъайкьеялъулаб ишазда цадахъго Аида МахIмудовналъ тIубазабула тарбия кьеялъулаб хIалтIиги. Гьей студенталгун щола музеязде, церелъеязде, тIоритIула батIи-батIиял тадбирал, гьелъие цIакъ бокьула студентазе творчествоялъул ва искусствоялъул дунял рагьизеги. ГIелмуялда цIиябщинаб лъазабулей йикIуней гьей, гIемераб цебесеб цIунизе бокьулей, культура бичIчIулей ва искусство бокьулейлъунги йиго. Рокьула гьелъие классикиял макъналги, церегосел киноялги, гIемер цIалула Тургенев, Чехов, Булгаков, Моэм, Хэйли, Саган. Поэзия гьелъие бокьула Есенинил, Блокил, Цветаевалъул, Высоцкиясул…

***Аида МахIмудовналъ кIудияб чIухIигун бицана жиндирго хъизаналъул хIакъалъулъги. Ниж хабаралда рукIаго чанцIулго нуцIаги къирун, раккарулел рукIана студентал, гьелде хIажалъи буоан гIемеразул. Дарсал унел рукIана гьенир. Гьейги регIун йикIун ятиларо. Бихьулеб букIана хIалтIи гIемераб бугеблъи. РукIина гьелъул жеги чIахIиял бергьенлъабиги.***

**Сульгият БУЛГАЕВА**

# ГІарцулъ гуро талихІ бугеб



Цо бечедав инсуца хІукму гьабула, жиндирго гьитІинав васги вачун, цогидал гІадамал мискинго ругеб куц бихьизе, колоде ине.

Гьез тІубараб сордо-къо бала цІакъ мискинаб хъизаналъухъ гьоболлъухъ. Рокъоре щваравго инсуца васасда гьикъула:

– Бокьарабищ дуе нилъер сапар, – илан.

– Бокьана, дада.

– Бихьанищ кигІан мискинго гІадамаз гІумру гьабулеб бугебали?

– Бихьана, дада.

– Кинаб пикруха дуца гьабураб?

– Дида бихьана нилъер рокъоб цо таращ букІин – дозул доба ункъго кІудияб гьой букІин. Нилъер азбаралъуб гьитІинабго бассейн букІин – дозул рагІал бихьулареб хІор букІин. Нилъеца чирахъалги ракун гвангъизабулеб букІин ах – дозул ах цІабзаз гвангъизабун букІин. Нилъер рукъалда нахъа берцинаб сурат бахъун букІин – дозул тІубараб горизонтго бихьулеб букІин…

Эмен абизе рагІи батуларого вукІана ва васас тІаде жубана:

– Баркала, дада, гІадамазул бечелъи дида бихьизабуралъухъ.

# Гьуинаб бицен

Цебееееего заманаялъ БетІергьанас анцІго Адам гьавун вуго. Цояс хур бекьулеб букІун буго, цогидав гІияде унев вукІун вуго, лъабабилес ччугІа кколеб букІун буго… Заманалдасан рачІун руго гьал Инсуде аскІоре:

– Кинабго буго нижер, амма цо жо буго гІоларого. РакІ гъоларого руго ниж.

БетІергьанас гьезухъе кьун буго буцараб ролъ ва абун буго:



– Ма гьалъул нужедаго рельлъинаюн гьае чІужугІадан, кинал нужее рокьилелали – халатай, къокъай, кьарияй, хІалакъай, гьитІинай, кІудияй… Дица гьезда рухІ лъела.

Гьелдаса хадуб БетІергьанас хъат цІун чакар бачІуна:

– Гьаниб буго анцІго чакаралъул кесек, щивас цо кесек чакаралъулги кье чІужуялъе, нужерго гІумру гьуинаб букІине. Гьедин гьабула киназго.

– ВахІ нужеда гьоркьов цо гьерсихъан вугоха. Дица гьаниб ІІ чакарул кесек лъун букІана. КІиго лъица босараб?

Киналго руцІцІун чІола. Гьеб мехалъ БетІергьанас киналго руччабиги ракІарун, жура– гъуразеги гьарун, рикьула щивасе. Гьединлъидалин гьеб мехалдасаго нахъе анцІго бихьинчиясда гьоркьоса ичІгоясда цогидасул чІужу гьуинай йигилан кколеб. Амма гьезда гьоркьов цояв Адамида лъала киналго руччаби рельлъарал рукІин, доб тІокІлъараб чакаралъул кесек гьес жинцаго кун букІиндал.

Щуго сон буго нилъер республикаялда гIадатияб гуреб фермеразулаб магIишат гьабизе байбихьаралдаса. Гьанже, гIицIго дагъистаниязда гуребги, цогидал хIукуматаздаги рагIана Виктор Говоровас, Каспиялъул рагIалда бугеб Сулахъ поселокалда, варанаби хьихьулеб ферма рагьун бугилан. Гьеб ккола нилъер улкаялда бищунго кIудияб варанабазул рехьед гIолеб бакI. 130 бетIер буго гьениб.



ТIоцебе бер речIчIула хIайваназе чIезарурал шартIазда ва жидерго гьезул бугеб рацIцIа-ракъалъиялда. Хасго гьел берцинго рихьула ралъдалъе лъугьунеб мехалда. Гьел салул авлахъалъул «гумул» эркенго лъедолелги руго. Лъелъа къватIире лъугьиндал гьезул цо чIухIараб, разияб рилълъинги балагьиги букIунин ккола. Гьод кIудияб букIаниги, берцинаб рухIчIаголъиги буго варани.

ТIоцере гьеб фермаялде щварал гIадамазда бихьула хважаинас гьениб гьабураб кIудияб хIалтIи, хIайваназул гьабулеб бугеб лъикIаб тIалаб-агъаз. Гьеб тIалабалда рекъараб рокьи ва божилъи жалго варанабазул бетIергьанасдехун букIинги бихьула.

Виктор Федорович. Пенсиялъул ригьалде ваханaниги щулияб сахлъиги бугев, гIолохъангоги вихьулев гьес лъикIго хал-шал гьабула жидехъе рачIарал гьалбадерил ва гIедегIичIого бицуна ишалъул. Варанабазде аскIоре риччазеги хIалакунаро гьев. Хабар дагьав чи вукIиналъ гьес суалазе жавабалги мухIканго ва къокъго кьола. Жиндир хIайваназул хIакъалъулъ Викторида кинабго лъала ва сагIтазги гьезул бицинеги кIола. Амма жиндирго хIакъалъулъ … къокъ гьабула.

# ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ГIОДОБЛЪИЯЛДА ВАРАНАБИ

Цевехун Виктор вукІана ФСБялъул гІорхъаби цІуниялъулаб хъулухъалда. Гьев ккола Краснодар краялдаса хъазахъ. ГьитІингоялдаса нахъе гьес жиндирго Овощной абураб станицаялда хьихьулел рукІана гІачи-цІани ва гьабулаан цогидаб магІишатги. Школа лъугІун хадув цІализе лъугьана, гьитІинго ракІалъ босараб рагъулаб ишалъул специальность щвезе, Калининградалъул рагъулаб гІорхъаби цІуниялъул аскаразул училищеялде. Хадуб хъулухъ гьабуна Дальный Востокалда, Камчаткаялда, Северияб Курилалда. 90 абилел соназда бигьаго букІинчІо рагъулаб хъулухъ гІорхъабазда гьабизе. Амма Дальный Востокалда гІорхъаби хвезаризе течІо. Пенсиялде гьев ана 40 сон бараб мехалда. Гьанже гьебго ишалда вуго Викторил вас.

– Киданиги ракІалде ккечІо варанаби хьихьизе, – ян абуна циндаго Викторица. – Амма рокьулаан гьел хІайванал. ТІоцере зоопаркалда варанаби рихьарабго ракІалде ккана, гьел бищунго берцинал ругин ва хьихьизе къасд лъуна. Чанго нухалда рекІинеги рекІана гьезда, хІалхьиялда вугел бакІазда. Хадуб лъазабуна гьезул гІумру-гІамал, тІабигІат. ГІемераб мехалъ балагьизе ккана гьезие рекъараб бакІ ва ахирги гьаб батана Дагъистаналда, – ян бицана Виктор Говоровас.

Варанаби хьихьизе лъугьинегІан цеве Виктор Федорович лъугьун вукІун вуго хурдул ракІаризе. Гьебги кколеб буго гьесие ирсалъе щвараб иш. ГьитІинаб мехалда херай кІодоэбелгун гІемерав хьвадулев вукІун вуго даруял хурдузда хадув. Гьединаб хІалбихьиялъги кумек гьабун буго варанабазе Сулахъалда бакІ батиялъеги. Щуго соналъ цебе рагьун буго гьениб ферма. Гьес варанаби гІезарулел руго кІиябго тайпаялъулал – кІиго гьод бугелги цо гьод бугелги, руго хъахІалги тІулакьералги. ХъахІазул І6 бетІер гьес бачІун буго Казахстаналдаса, хадур рачІун руго Калмыкиялдаса, Астраханалдаса, Чачаналдаса.

– Гьаниб лъикІаб гьарзалъи буго кормалъул. ГІемер рижула варанабазе къваригІунел хурдул. Гургинаб лъагІалица гІалахалдаги рукІине бегьула гьал. Лъим гьаз ральдалги гьекъола ва гьенирго чвердезеги чвердола. Гьединаб гІумру букІиналъ варанабазул рахьги пайда цІикІкІараблъун буго, – ян бицана гьес.

ГІажаиблъизе бачІунеб жо, варанабаз кунеб буго кьогІаб херги гьекъолеб буго цІамхІалаб лъимги, рахьин абуни гьезул букІунеб буго бакъвараб ва мороженое гІадинаб гьуинаб!

Рахь босизе гІадамал Викторихъе рачІунел руго Дагъистаналъул киналго районал–шагьараздасаги, Чачаналдасаги, Санкт-Петербургалдасаги, Камчаткаялдасаги, хІатта Австриялдасаги рукІун руго. Викторица гьелъул гьабулеб буго шубатги – варанидул рахьдал лъугьунеб цІекІаб лъамалъи. Гьеб рикІкІунила авитаминоз, сахарный диабет, би дагьлъи, спариоз, гастрит, калит ва цогидалги унтабазе беццараб дару.

– Варанидал рахь бигьаго цІекІлъизеги цІекІлъуларо, щайгурелъул гьелда гъорлъ букІуна лактоферрин абураб антибиотик. Гьелъулъги руго гІемерал иммунитет лъикІлъизабулел жал. Чангиял рачІуна гьанире жанир чІезе бакІги ккун сахлъизегІан рахь ва шубат гьекъезе, – абунги бицана гьес.

Викторица хІукму гьабун буго, рекІунел гурел, гьединал рахь кьолел варанаби хьихьизе. Гьединазе данде кколеб балагьун буго бакІги, ран руго денникалги, гІуцІун руго щартІалги, гьарун



**Женщина Дагестана**

**6/2023**

**На аварском языке**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.

**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru

**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Дата выхода в свет 15.12.2023 г.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 1120. Тираж (3461) 845 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Мариян Каландарова, руководитель московского филиала благотворительно-просветительского фонда «Дарачӣ» им. М. Ильясовой.


руго тIаде рачIарал гIадамал къабул гьариялъе ва ветеринаразе данде кколел кабинеталги ва жиндиего рукъги. Киналго варанабазе гьарун руго унтабазде данде чIчIолел уколалги.

Гьелгощинал варанабазе хъулухъ гьабулевги цохIо живго вугоан Виктор Говоров. Гьениб жиндие кумекалъе батулила армиялда щвараб лъадариги, гIадлуги. Жинцаго рацIцIунел руго денникалги, речIчIулелги руго квералъ варанабиги. Цо варанияль къоялъе кьолила 2-4 литра рахь. Бащдаб толила тIинчIалъе.

– Рахь щвезе ккканани, щибаб вараниялдехун гьабизе кола хинаб бербалагьи. РакI разиго гьечIони, гьелъ тузеги тун, мал базе бегьула ведроялда. Кверaлъ гьеб бечIчIиги бигьаяб иш гуро. Байбихьилалде цебе рехсезе ккола щибалъул цIар ва тамахго кIалъа-басазеги ккола гьелда. Гьелда хъачIго гаргадизе яги гьеб бухьине лъугьине бегьуларо. Гьеб мехалда рахь кьоларо.

Варанабазда Викторги лъалевги вичIчIулевги вуго, абизе бегьила вокьулевгицин ватилин эменгIадинилан. Гьес жанивеги лъугьун абула: «Снежинка, билъа бечIчIизе», – ян, гьебги гьесда цадахъ билъуна. Щибаб варaниялда цIарккун кIалъалев вуго гьев – Белла, Снежинка, Настя, Венера, Милка, Феррари ва гIемерал цогидалги руго хIеренал цIарал. Гьезул щибалда лъалеб буго жиндирго цIар ва гьеб рагIараб мехалда гIенеккулелги руго. Гьединго тIанчIаздаги лъалеб буго жиндирго эбелалъул цIар.

– Цояб варaниялде кIвар цIикIкIун буссунеб бихьани гьеб параялъ цогидабги бачIуна аскIобе. Кутул гIадин, цIакъ щакдарулел ва жидерго хасият бугел жал руго варанаби. ГIачиязул чуязул гьединаб тIабигIат гьечIо. Гьазие кутакалда бокьула жидер тIалаб гьабизе ва жидеде кIвар кьезе. ЦIакъго гIагарлъула бетIергьанасдехунги жалго жидедехунги, – абун бицана фермерас. – Дагьалъ цебе Калмыкиялдаса бачIана варани. Гьеб бокIнилъеги ун гIодулеб букIана, чIахIиял магIил гаралги гиризе риччан. Анкьица гIодоб биччазабизе ккана дица гьеб. КIалъалаан хIеренго, тIад квер бахъулаан. Гьанже гьеб дидеги бакIалдеги рутьунлъана. ТIаде ралагьун чIухIарал ругилан кканиги, лъимал гIадин ракI тамахал хIайванал руго варанаби. ЛъикIаб рагIиялъе цIакъго мутIигIлъула. Гьим-гьидула ва лъухьарула хIеренго, – ян бицана Викторица.

Рогьел фермерасул цого къагIидаялъ байбихьулеб буго – хъахIлъи рехилелде вахъун гьел речIчIула, тIанчIи хахизарула ва гIалахалде риччала. Рокъоре гьел бакъанида гIуждаго жалго рачIунел руго ва кватIулел ругони Говоров гьезда хадув хьвадулев вуго мотоциклалда, рикIкIаде унел рукIиналъ. АнцIго километралъги ине бегьулила гьел гьединго цоцаздасаги рикIкIалъизе рес букIунила. Хьвадулел руго гьаруин ва бетIергьанасда лъалеб буго гьел унебги рукIунебги мухъ-рахъ.

– Мотоциклалда вачIун, «Майя, рокъобе! Венера, рокъобе! – ян абуни гьезие гIола. ГIенеккула ва фермаялде руссун уна, гьезда хадурго хутIаралги рильлъуна. Варaниязеги, цогидал хIайванaзего гIадин, гIемерал цадахъ рукIине бокьула ва къокъабиги гьарула. ГIалахалде цадахъ риччарал гьел заманалдаса жидерго къокъаби гьарун рикь-рикьун ратула, гIадамалго гIадин. Бокьараб кIудияб коллективалдаго гIадинаб рикьи гьазулги буго, – абун велъана фермер.

***РакIалде ккезе бегьула Виктор Говоровасда свакги лъалеб батиларин. Амма нилъеда бичIчIула гьединаб кIудияб магIишат тIубай бигьаго букIунареблъи ва щивасухъаги гуро гьеб иш бажарулеб. Гьединаб ишалъе хIажалъула хIайваназдe кутакаб рокьиги ва гIадамазе пайдаяб хIалтIи жинца гьабулеб букIиналда ракIчIейги.***

.

**МАРИНА ШЕВЧЕНКО**







# 2024

## ЯНВАРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## ФЕВРАЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## МАРТ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## АПРЕЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## МАЙ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

## ИЮНЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |

## ИЮЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## АВГУСТ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## СЕНТЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

## ОКТЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

## НОЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | |

## ДЕКАБРЬ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

ИНДЕКС ПМ803
6+
Цена свободная
4 651116 280082